ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№113 (23.021) • 2015 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 17, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЦІыхухэр наркотикхэм емыгъэтхьэкъунымкІэ лэжьыгъэр зэгъэуІуауэ икІи зэкІэлъыкІуэу къыззгъэпэщын

КІуэкІуэ Юрий вэсэмахуэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ и комиссэм и зи чэзу зэІущІэ

Зэхуэсым хэтащ федеральнэ центрым и лыкІуэ, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, суд органхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, Іуэхум пыщІа республикэ министерствэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЫТЕПСЭПЪЫХЬА Іэхэгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ балигъ мыхъуахэр наркотикхэм емыгъэтхьэкъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр, наркотикхэмрэ акъылыр зэІызыгъэхьэ адрей щхъухьхэмрэ хабзэм кьемызэгъыу зэблэзыгъэкІэм нэхъ ткІийуэ япэщІэувэныр, псом хуэмыдэу а лэжьыгъэр нэхъ егупсыу еджапІэхэм къыщызэгъэпэщыныр, наркотикым итхьэкъуахэм ират медицинэ дэІэпыкъуныгъэм зегъэубгъуныр, апхуэдэу медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм щагъэхъужа сымаджхэр гъащІэм хэгъэзэгъэкыным телажьэ Іэнатіэхэр КъБР-м щыІэтегъэувэныр.

ЗэІущІэм къыщыщыпсалъэм КъБР-м и Іэтащхьэм къыхиГъэщащ мы Іуэхум хуэгъэзагъэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ ирамыгъэкІуэкІми, наркотикхэр зэзыхьэлІэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрымыкър. Апхуэдэу гъэ къэс хохъуэ пІалъэкІэрэ наркотикхэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэм (иужьрей илъэсищым къриубыдэу апхуэдэхэр процент 46-кІэ нэхъыбэ хъуад). Ар къызыхэкІым и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхущІащ: «Дэ сэтей къэтщІыр зэ еплъыгъуэкІэ нэм къыІуидзэхэрщ, ауэ абыхэм я щхьэусыгъуэм дегупсысыркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Республикэм и Іэтащхьэм хэхауэ къиГэлъэгъуащ балигъ мыхъуахэм ящыщу наркотикхэм ятхьэкъуахэр учётым гъэувынымкІэ лэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу республикэм и унафэщІым кьигъэлъэгъуащ хабзэхъумэ органхэм я зэфІэкІ псори зэгъэуІуныр икІи ар республикэм кьрашэ наркотикхэр гъэмэщІэным хуэунэтІныр, апхуэдэу наркотикхэм дахьэхьу хуэжьа дгтхэнэ зыми хэхауэ дэлэжьэныр, нэхъыщхьэ дыдэр арщи - щІалэгъуалэм ящыщу наркотикхэр къэзыгъэсэбэпхэм яхьыхьэхэр гъэмэщІэныр. «Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ хэха иІэщ наркотикхэр зэзыхьэлІэу хуэжьахэр пасэу къыщІэгъэщІыным икІи и зэманым гъэхъужьным», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Республикэм и Іэтащхьэм хэхауэ къиГэлъэгъуащ балигъ мыхъуахэм ящыщу наркотикхэм ятхьэкъуахэр учётым гъэувынымкІэ лэжьыгъэр тэмэму зэрырамыгъэкІуэкІыр. «ПІалъэкІэрэ наркотикхэр зэзыхьэлІэхэр зэрыщІым, ауэ абыхэм я бжыгъэр зэрымащІым теухуа статистикэр уи фІэщ хьункІэ Іэмал иІэкъым», - жиІащ республикэм и унафэщІым икІи а Іуэхум нэ лейкІэ еплъын зэрыхуейр кІыхьигъэщащ.

КъыкІэлъыкІуэу зэлэжьыпхъэ къалэнхэм ящыщщ «Лирика» хущхъуэр наркотик папщІэу къэзыгъэсэбэпхэр кІуэтэху нэхъыбэ зэрыхъур. Аптекхэм а хущхъуэр хуиту зэрыщащэм къыхэкІыу ар нэхъыбэу зэзыхьэлІэр балигъыпІэ имыувавхэмрэ щІалэгъуалэмрэщ. Ауэ мы Іуэхури статистикэм къыхэщу тлъагъуркъым. Абы теухуауэ цІыху куэд властым и органхэм къотхьэусыхэх. Ахэр щІэгузавэм лъабжьэ иІэщ. «Лирика» хуэжьыгъэр тэмэму зэрырамыгъэкІуэкІыр. «ПІалъэкІэрэ наркотикхэр зэзыхьэлІэхэр зэрыщІым, ауэ абыхэм я бжыгъэр зэрымащІым теухуа статистикэр уи фІэщ хьункІэ Іэмал иІэкъым», - жиІащ республикэм и унафэщІым и Іуэхум нэ лейкІэ еплъын зэрыхуейр кІыхьигъэщащ.

Кьыкіэлъыкіуэу зэлэжьыпхъэ къалэнхэм ящыщщ «Лирика» хущхъуэр наркотик папщІэу къэзыгъэсэбэпхэр кІуэтэху нэхъыбэ зэрыхъур. Аптекхэм а хущхъуэр хуиту зэрыщащэм къыхэкІыу ар нэхъыбэу зэзыхьэлІэр балигъыпІэ имыувавхэмрэ щІалэгъуалэмрэщ. Ауэ мы Іуэхури статистикэм къыхэщу тлъагъуркъым. Абы теухуауэ цІыху куэд властым и органхэм къотхьэусыхэх. Ахэр щІэгузавэм лъабжьэ иІэщ. «Лирика» хущхъуэр куэду къэзышэхэм икІи зыщІэхэм яхуэгъэза уголовнэ Іуэху иджыблагъэ къызэІуахащ. Ауэ абыкІи псори зэфІэкІынукъым.

УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъымкІэ и федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Сокъур Олег, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт Ирмэ сымэ я докладхэм едэІуа нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэм къытригъэзэжри жиІащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэблэзыгъэкІхэм нэхъ ткІийуэ япэщІэувэн, оперативнэ лэжьыгъэр нэхъ зэщІэгъэзыІуаУз къызэгъэпэщын, хабзэхъумэ Іэнатіэм хэт цІыху щхьэхуещэхэр къыхэгъэкъэбзыкІын, а лэжьыгъэ дыдэр министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ щІегъэкІуэкІын, абыхэм я зэдэлэжьэкІэм и Іэмалыщ Іэхэр къэхутэн икІи къэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ наркологхэмрэ психотерапевтхэмрэ я лэжьыгъэр зэтегъэувэныр, наркотикхэм ятхьэкъуахэр хэІущІыІу ямыщІу щагъэхъуж Іэнатіэхэм я бжыгъэр нэхъ хэгъэхъуэныр. Республикэм наркологическІэ и Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр нэхъ нэгъэсауэ щІэпщытыкІын хуейщ. КІуэкІуэ Юрий къызэригъэувам тету Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм апхуэдэ комплексны къэпцІытэны-гъэ иригъэкІуэкІынурэ, абы къэикІуахэр республикэм и унафэщІхэм я пащхьэ фокІадэм и 1-м иригъэлъэІу ирилъхьэжьнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

2016 гъэм Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм къыщызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ Урысей Федерацэм и Правительствэм хуэгъэувын:

а) къыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ Урысей Федерацэм и полномочиеу Урысей Федерацэм и субъектхэм я Іэнатіэ-гъэ хуэмыдэу а лэжьыгъэр нэхъ егупсыу еджапІэхэм къыщыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм и зэманым щызэфІэгъэкІын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын:

а) къыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ Урысей Федерацэм и полномочиеу Урысей Федерацэм и субъектхэм я Іэнатіэ-гъэ хуэмыдэу а лэжьыгъэр нэхъ егупсыу еджапІэхэм къыщыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ Урысей Федерацэм и полномочиеу Урысей Федерацэм и субъектхэм я Іэнатіэ-гъэ Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм (адзкІэ - ирата полномочиехэр) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм дагъэкІынымкІэ къыззригъэпэщыну;

б) къыхэтхыкІынымкІэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ полномочиехэр щагъэзэщІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэр, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я щІыналъэ органхэр зэдэлэжьэныр къызэригъэпэщыну;

в) къыхэтхыкІынымкІэ зыгъэкІуэкІыну комиссэ 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 25-м фІэмыкІыу къызэригъэпэщыну;

г) кърата полномочиехэр ягъэзэщІэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу къаутІыпща субвенцэхэр тэмэму гъэзэщІэныр, апхуэдэу гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органу хэхыныгъэр егъэкІуэкІынымкІэ жэуап зыхьым ягъэува теплъэм тету а полномочиехэр зэрагъэсэбэпам тетхуа отчётыр етыныр къызэригъэпэщыну.

2. Кърата полномочиехэр гъэзэщІэныкІэ жэуап зыхь къулыкъущІу хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Дадэ МуІэед Алий и къуэр.

3. ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм чэнджэщ етын «Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къызэрыщыхэтхыкІынымкІэ и Іуэхукіэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №108-ФЗ-м, «2016 гъэм Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Дадэ МуІэед Алий и къуэр.

3. ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм чэнджэщ етын «Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къызэрыщыхэтхыкІынымкІэ и Іуэхукіэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №108-ФЗ-м, «2016 гъэм Урысей псом мэкъумэш Іэнатіэр къыщыхэтхыкІынымкІэ лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Дадэ МуІэед Алий и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м №53-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мелиорацэм зыщеубгъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2015 гъэм мелиорацэм зыщегъэужьынымкІэ республикэ программэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэр федеральнэ Іэнатіэмэ зэрыщыдаІыгъам и фІыщІэкІэ, дызэрыт илъэсым и закъуэ мелиорацэм пыщІа лэжьыгъэхэр республикэм и ваПІэу гектар 8650-м щрагъэкІуэкІащ. Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм мелиорацэмкІэ и департаментым и унафэщІ Путятин Даниил лэжьыгъэ Іуэхукіэ республикэм щыщІам зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ елъытауэ ар хуэди 2,5-кІэ нэхъыбэщ.

ГИДРОМЕЛИОРАТИВНЭ лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуаутІыпщащ сом мелуани 143-м щІигъу. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынымкІэ мэкъумэш продукцэ къезыхьэлІэхэм трагъэкІуэда ахъшэм щыщ Іыхьэр хуапшыныжьын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и ахъшэу сом мелуан 36-м щигъу къагъэсэбэпынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІэед щІыгъуу Путятин Даниил республикэр къызэкІухьащ икІи мелиорацэм зегъэужьынымкІэ программэр гъэзэщІэным хозяйствэхэр зэрыхэтым щыгъуазэ зищІащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

• «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Зы къыдэкІыгъуи блэзгъэкІыркъым

«Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс куэд щІауэ ди унагъуэм къохьэ. Си адэ Шурдым Мусэбий зыхилъхьэ щымыІэу абы едэжу щытащ, иджы газетыр къытІэрохьэ и бынхэмрэ и быныжхэмрэ.

ИЛЪЭС 45-м щІигъуащ егъэджакІуэ ІэщІагъэм сызэрырилажьэрэ икІи «Адыгэ псалъэ» газетым и зы къыдэкІыгъуи блэзгъэкІауэ къыщІэкІынкъым щІэзмыджыкІыу. Ар хуабжьу сэбэп къыщыхсуохьу си лэжьыгъэми. Абы кьытехуэ тхыгъэхэм ящыщ куэд еджакІуэхэм унэ лэжьыгъэу щІэж-щІэхыкІуэ язот, тхыгъэхэр зэпткрыдох, я Іуэху епльыкІэхэм зызэогъэужь. Махуэ къэс щІэщыгъуэу хъыбар гъэщІэгъуэн куэд къызэджыкІ «Адыгэ псалъэм».

АдыгэбзэкІэ къыдэкІ а газет закъуэр адыгэ унагъуэ псоми яІэрыхьэн хуейщ. Ди республикэм къыщыхъу-къыщыщІэхэм деж щегъэжьауэ лъэпкъым и тхыдэм дыщызыгъэтъуазэ тхыгъэ хьэлэмэтхэр къыщыдгъэгъэ газетым Іэ тезымыдзэхэр согъэщІагъэу. Абы и уасэр зыфІэкъуэдхэри щыІэщ, ауэ ар къызыхуэкІуэу щытам, абы и мыхьэнэр къызыгурыІуэм уасэм щхьэкІэ къимыгъанэу газетыр зыІэригъэхьэнущ. Абы и лэжьакІуэхэм егуГуу икІи гъэщІэгъуэну ягъэхьэзыр «Си еджапІэ - си кьежьапІэ», «Исламым и нур», «ЩІыуэпсым и макъ», «ЩІалэгъуэ», «Малъхъэдис» къыдэкІыгъуэхэр, хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъгъуэм, политикэм, экономикэм, спортым, нэгъуэщІхэми ятеухуа тхыгъэхэр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд хуэзфІокІ, махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу, абы щІэщыгъуагъ хилъхьэну. Хьэлэмэтщ адыгэ газетхэм я къыдэкІыгъуэ зэтуэтри. Апхуэдэу, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм Іэмал яІэщ ди газетым ИнтернеткІэ еджэну, я лъэхэм щыщыхъу хъыбархэм щыгъуазэ зыхуащІыну.

«Адыгэ псалъэ» газетым укІыхуреджэ хабзэм, нэмысым, дахагъэм, псом хуэмыдэу ухуегъасэ уи бзэкІэ угупсысэным, упсэльэным.

КЪАСКЪУЛ Лейлэ,
егъэджакІуэ, лэжьыгъэм и ветеран.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым мазихым и уасэр сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Бушхэм къагъэзэжыну?

«Иджыпсту США-р зытетыр икъукІэ гъэзгу дзыхьщІыгъуэджэщ. Мы зэманым дгтхэнэ зыри дызэрущыжьын хуей мэхъу: сыт адэкІэ тщІэнур? Сэ сощІэ адэкІэ сщІэнур. Сэ США-м и президент къулыкъум сыщІэбэнынущ», - жиІащ Буш Джеб.

Флориде штатым илъэсий хъуауэ и унафэщІ, Республикэ партым и кандидату зыкъэзыгъэлъэгъуа Буш апхуэдэу захуигъэзащ Майамми щекІуэкІа пэкІушхуэм хэтахэм.

«Америкэр зи экономикэм къытекІуэн щымыІэ къэралыгъуэ лъэщ хуэфынущ, хъуни хуейщ. Абы папщІэ США-м и Іэтащхьэхэр зэхъуэкІыпхъэщ. Къэрал унафэр яІэщІыхьэн хуейщ дэтхэнэри лъэ бидзкІэ гъащІэм зэрыхэтыфынур ди щІыхуэм я фІэщ зыщІыфынухэм», - жиІащ Буш Джеб.

США-м и президент къулыкъум щхьэкІэкъызэдзэжнэхэр иджы щІыху 13 хъуащ. Абыхэм ящыщу а зэныкъуэкъум бжьыпэр щызыубыдыфынухэм хабжэ Буш Джеб. А къулыкъум пэрытащ абы и адэ Буш Джордж - ар США-м и 41-нэ президенту щытащ. И къуэш нэхъыжь Джорджи Америкэм и 43-нэ президенту 2001 - 2009 гъэхэм лэжьащ.

Тутнакъэщым - зыплъыхьакІуэ

Іулъхьэ къызэрыІахам, я къулыкъу лъагэр къагъэсэбэпу хабзэм зэребэкъуам щхьэкІэ ягъэтІысахэр щаІыгъ тутнакъэщым, Хубэй провинцэм щыІэ Шиянь къалэм дэтым, иджыблагъэ зыщрагъэплъыхьащ Китаймэ я къэрал Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІ 70-м.

Унафэщі Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм нэхъапэм пэрытауэ иджы тезырхэр тутнакъэщым щызыпшынвыж къулыкъущІэ 15-м ирагъэпсэлъылІащ зыплъыхьакІуэ яшаэхэр.

А къэралым и Компартым и комиссэ нэхъыщхьэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщ апхуэдэ «зекІуэхэр» зыхуэгъэпсар къулыкъущІэхэр къамылэжьа мылъку зрахьалІэным щыгъэшынэнырщ, хабзэм ебакъуэхэм къащыщІынур ягъэльагъуныращ.

«Хабзэншагъэ зэралэжьам хущІегъуэжьауэ, я щхьэ зыфІаудыжьу хьэпсым щаІыгъхэм уаІуплъэным уи гур хегъэщІ. Абыхэм яхэтщ дэ къыддэлэжьахэри, - жиІащ тутнакъэщым исхэм яІущІа къулыкъущІэшхуэм. - Мыпхуэдэ зэІущІэхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ яІэщ икІи дэ абыхэм дерс къыхэхын хуейщ Іулъхьэ къеІыхьыным зыщыщддзеиным теухуауэ. Мыпхуэдэ щІыпІэхэм ущыІа нэужь хьэкъ пщохъу: партым игъэува хабзэхэм утету уи къалэнхэр бгъэзэщІэным, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм утелэжьэным нэхъыфІ щыІэкъым. Аращ зи ужь дитыпхъэри».

Абы и чэнджэщхэм дерс къыхахыжьфынукъым Іулъхьэ къызэрыІахам, я къулыкъур щхьэхуещІэу къызэрагъэсэбэпам папщІэ уголовнэ жэуапым ирашэлІэну зи Іуэхуэхэм хэплъэ къулыкъущІищэм щІигъуи.

♦ЩІыр игъущкІыныкъэ уэгъумрэебэныным и дуненйпсо махуэщ

♦Исландие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ

♦1565 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъуэ Мэзкуу кІуащ.

♦1961 гъэм Налшык экранымрэ зиІэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэІуахащ.

♦КъБР-м щыхъ зиІэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэу щыта **КІэш Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещынущ. Хуабэр махуэм градус 23-24-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

• Банк Іуэхухэр

Я бжыгъэм хохъуэ

«Урысейм и Хъумапі э банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий къызэригъэлъэгъуамкІэ, мы гъэм и япэ мазищым ирыбудыдэу цІыху 2200-м щІигъу щылажьэ предприятэ зэмылІэужьыгъуэхэм улахуэ тыкІэм теухуа зэгурыІуныгъэу 39-рэ иращІылІащ.

А ІУЭХУТХЬЭБЗЭР къэзыгъэсэбэп организацэхэмрэ предприятэхэмрэ я бжыгъэм зэпымыуэ хохъуэ. Урысбий Хьэмидбий зэрыжиІамкІэ, ди республикэм щыщу Іэнатіэ Іутхэм я процент 60-м щІигъум ХъумапІэ банкым улахуэр зэрит картэхэр яІэщ. Псори зэхэту компание 745-рэ, цІыхуу мин 89-рэ мэхъу. Абыхэм ефІэкІынигъэ зыбжанэ яІэщ. Кьапщтэмэ, езэгъэрабгъуэ щІыхуэ хухах, щыхудахьы акцэ зэмылІэужьыгъуэхэм, щызэрыльытэ программэхэм хэтщ, интернет банкым и Іуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэп.

Къищынэмыщ Іауэ, предприятэ къэс ХъумапІэ банкым и Іэщ Іагъэлі егъэбыдыІащи, абы щхьэхуэу дэлажьэ хьунущ. Банкым и Іуэхутхьэбзэхэм ятеухуауэ щІэупщІэхэм дащэщи жэуап тэмэм ягъэтІынущ.

Улахуэр зэрат щыкІэм хуэгъэпса проектхэм хэт предприятэхэм папщІэ, мы гъэм Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэщІэ къыхалъхьащ - «ХъумапІэ банк Бизнес Онлайн» интернет банкымкІэ счёт къызэІуэзыхьну, картэ къыдэзыгъэкІыну хуейкъым иджы ар электрон реестрхэмкІэ зэфІагъэкІ хьунущ. Абы папщІэ, 1С программэм реестрыр кьрахьу, банк Іуэхутхьэбзэхэр зэпэІэщІэу зэрыхуящІэ Іэмалым тету, банкым ирагъэхьын хуейуэ аращ. Апхуэдэу я лэжьакІуэхэм счётхэр къызэрыхуэзІуахам теухуа хьыбарыр бухгалтерим электрон реестркІэ Іэрохьэ.

- ХъумапІэ банкым и технологиехэр зэпымыуэ ирегъэфІакІуэ. Іуэхутхьэбзэ лІэужьыгъуэщІэхэм я фІыгъэкІэ, къыддэлажьэ Іэнатіэхэм я мылъкуми, я зэманми хъарзынэу къыдагъахуэ, - къыхигъэщащ Урысбий Хьэмидбий.

БАГЪЭТЫР Анзор.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэр здэпсалъэ хъун телефонэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ДэІэбеи ет, еІэбыхи къашэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мелиорацэм зыщеубгъу

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

«Мэкъумэш къэкІыгъэхэр зехьэныкІэ иджырей технологиехэр, псыр къэкІыгъэхэм ящІэрэгъэткІэнымр, псыутхІэ ятекІэныр абыхэм хэту, кьыззрагъэсэбэпым и фІыщІэкІэ мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэм я зэфІэкІым хохъуэ, апхуэдэу щыщыткІэ, нэгъуэщІ къэралхэм кьыщащэху продукцэм и пІэ иувэн къехьэлІэныкІэ лэжьыгъэр ирегъэфІакІуэ», - къыхигъэщхьэхуІаш департаментым и унафэщІым.

«Компание щхьэантІэ» жэуап зэхэгъэщхьэхуІа зыхь зэгухьэныгъэм цІынэу ящэ нартыху Іэфірыр щигъэкІ щы гектар 850-м иджырей псыутхІэ 10 кьыззрыщигъэсэбэпам и фІыщІэкІэ, цІынэу банкІэхэм иралъхьэну нартыхуу гектар къэс тонн 12,1-рэ кьытрахащ. А хьэсэхэр псыуэ зыхуеинум хуэдизкІэ кьыззрагъэпэщын папщІэ, насос станцИщ щІэуэ ящІащ. Мы технологиер кьагъэсэбэпуэ гектар къэс нартыху щынэу кьытрахыр тонн 18 - 20-м, псыутхэм я бжыгъэр 22 - 24-м, щІыр гектар мини 2,2 - 2,5-м нагъэсыну я гугъэщ.

Мыэрысэ лІэужьыгъуэ зыбжанэ иджырей технологиехэм тету зыгъэкІ «Эвелина» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм жыгхэм псыр щІигъаткІуэурэ игъэкІыу аращ. Абы псыр къыдегъахуэ, пхъэщхьэмщхьэпи егъэбагъуэ. Жыг хадэр зыхуеину псыр щІым кьыщІаш, ар щагъуэмэн псыгъэнхэри ящІащ.

Продукцэ нэхъыбэ кІрахьалІэн папщІэ псыщІэгъэлъадэ системэхэр щызэтрагъэувэжу хуежьащ «Прохладнэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІуахами. ХадэхэкІэхэр къехьэлІэныкІэ, хъумэныкІэ, абыхэм елэжьныкІэ щэныкІэ Іэнатіэм кьыщызэрагъэпэщащ гектар 952-рэ зыхуеи зэхуэзэзным тещІыхьа псыщІэгъэльадэ системэ. КІэнауэпсыр хьэсэхэм тэмэму ятегуэшауэ щІагъэльэдэн папщІэ, электрокъарум ирилажьэ насос станцу щы, дизель гъэсыныпхъэр къэзыгъэсэбэп моторхэмкІэ ягъэлажьэ насос станцу щы ящуащ. Абыхэм я фІыщІэкІэ, кьызэрабжамкІэ, дяпэкІэ гектар кьэс хуэзэу кІэртІофым центнер 60, пхъым - 60, бжьыным центнер 50, соем, гуэдзым - 27-м щІигъу я кьытрахьфынущ.

КРАСНОВ Борис.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьгъуэм и депутат Газаев Масхут Байдуллах и къуэр тхыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 11-м

Налшык къалэ №116/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар ЛДПР политикэ партым - Урысейм и либерал-демократие партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Газаев Масхут Байдуллах и къуэм етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 11-м кьищта унафэ №116/1-5-м тету икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм щыщхьэУІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхьгъуэм и депутат Газаев Масхут Байдуллах и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату етхуанэ зэрыхахамкІэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Гъуэгум зэрыщызекІуапхъэм нэхъыфІу хуэгъэсэн хуейщ

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкіэ и комитетымрэ зэщІыгъуу кьыззрагъэпэща зэІущІэм щытепсэлъыхьащ транспортыр зезыгъакІуэхэр зэрагъэхьэзырымкІэ законодательствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщагъэзащІэм. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудамэ Бозий Натбий, ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа комитетхэм я унафэщІхэу Гугу Владимир, Азычэ Светланэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щыщхэр.

ЗЭІУЩІЭР кьыщызэІуихым **Бозий Натбий** жиІащ гъэгугъэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыныр зи чэзу социальнэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр. Гъэ кьэс транспортыр нэхъыбэ зэрыхъум кьыхэкІыу ди гъэгугъэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыныкІэ лэжьыгъэхэр нэгъэсауэ яхуэзэфІэгъэкІыркъым. Арыншэми ди республикэр транспортым пыщІа щІэщхьу нэхъыбэ кьыщыхъу щІынальэхэм ящыщщ. Апхуэдэ щІэщхьэм ящыщ куэдыр транспортыр зезыгъакІуэхэм я зэранщ, зэрыщыту щІэщхъу псори кьапщтэмэ, абыхэм я процент 25-м нэсыр кьызыІэныкъуэкІыр рулым зэрыдзэрэ илъэсищым щІимыгъуаехэрщ.

Гъуэгуэм кьыщыхъу гуэзвэгъуэхэр гъэмэщІэныкІэ, шынагъуэншагъэр гъэбыдэныкІэ хэкІынІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ транспортыр зезыгъакІуэхэр я Іэщ1агъэм тэмэму хуегъэджэныр. КъБР-м щыІэ МВД-м ГИБДД-мкІэ и управленэм и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий** зэрыжиІамкІэ, автомоклхэм щезыгъаджэхэм яхуэзфІэкІыркъым шофер Іэщ1агъэ зэзыгъэгъуэтхэр шынагъуэншуэ зекІуэкІэ хабзэхэм тэмэму хуагъэсэн. Абы кьыхэкІыу зи Іэщ1агъэм нэгъэсауэ хуемыджауэ гъуэгум теувэхэм ящыщ куэдым щІэщхьухэр кьалъыхьуокІ.

Кьапщтэмэ, шоферхэр щагъэхьэзыр школхэр дызэрыт илъэсыр кьыззрыунэхурэ цІыху 867-м кьаухащ. Ауэ абыхэм ящыщу ялэ щІыхьэгъуэм кьэралі автоинспекцэм экзаменкэр щызыгъфаер икІи шофер Іэщ1агъэр зэрызрагъэгъуэтамкІэ удостоверенэхэр зратар цІыху 365-рщ (процент 42,1-рщ). Абы кьегъэлъагъуэ шофер Іэщ1агъэр зэзыгъэгъуэтхэр зэрырагъаджэми транспортыр зегъэкІуэным зэрыхуагъаесми ныкъусаныгъэ инхэр зэрыхэлъыр. Тегушхуауэ, хабзэхэр кьыззпамыдуу зэрызэмыкІуэфым, зэрыщтэІэщтаблэм кьыхэкІыу ахэр мэгужьей икІи гуэвэгъуэ зэмылІэужьыгъэхэм хохуэ.

Бэджыдэ Юрий зэрыжиІамкІэ, 2015 гъэм и ялэ мазищым кьриубыдэу республикэм и гъуэгухэм щІэщхъу зэмылІэужьыгъуэу 163-рэ кьыщыхъуащ. Абыхэм цІыху 41-рэ хэкІуэдащ, цІыху 89-м фэбжь зэхуэмыдэхэр хахащ. ЩІэщхъу псоми ящыщу 35-р кьызыІэщІэр транспортым илъэси 3 нэхъри мынэхъ щыІэрэ дзсахэрщ. Зи гугъу тщІы кьэхъукъащІэхэм цІыхи 8 хэкІуэдащ, фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр цІыху 41-м ягъуэтащ. А бжыгъэхэр зэпэпльытмэ, гурыІуэгъуэ кьыпщохьу республикэм и гъуэгухэм кьыщыхъу гуэвэгъуэ псоми я Іыхьэ пщІанэр зи зэраныр транспортым дэтІысьагъащІэхэр арауэ зэрыщытыр.

Гъэ кІуам и фокІадэ маазм Урысей Федерацэм и субъектхэм я кьэралі автоинспекцэхэм кьаІэрыхьащ транспортыр зезыгъакІуэхэр а Іэщ1агъэм хуегъэджэныкІэ законодательствэм, хабзэ мардэхэм я Іэ кьыхэщхьэхуКІыныгъэхэм ятеухуа тхыгъэ. УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм игъэхьэзыра я документым, кьапщтэмэ, кьыщыгъэлъэгъуащ автомобилхэр, трамвайхэр, троллейбусхэр зезыгъакІуэхэр егъэджэныкІэ (я Іэщ1агъэм хэгъэхьэныкІэ) программэхэр кьыззрезэгъым, а Іэщ1агъэхэм щыхурагъаджэ школхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІыр зыхуэдэм кьэрал автоинспекцэхэр кІэлъыплъыну икІи зыхуэфащэ заключенэхэр ятхыну я пщэ кьызэрыдзхуэр. Ауэ шоферхэр зэрыраГъаджэм кІэлъыплъныр кьэрал автоинспекцэхэм я кьалэнхэм хиубыдэркъым.

Транспортыр зезыгъакІуэхэр а Іэщ1агъэм зэрыхурагъаджэ программэхэр яГъэзэщІэну хуит зэращІ лицензэхэр зрата Іуэхущ1апІэу иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 36-рэ щыІэщ. Абыхэм ящыщу 8-р къэралым и унафэм щІэтщ, адрей 28-р унейщ е зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьызэрагъэпэщащ. А псоми я зэфІэкІыр здынэсымрэ ягъэзэщІэну программэхэмрэ 2014 гъэм и жэпуэгъуэм щегъэжьауэ 2015 гъэм и мэлыжьыхь мазэм нэсыху кьэрал автоинспекцэм щыпхасГъэкІащ. Пэжщ, зэуэ пхымыкІыу я Іуэхум трагъэзэжурэ елІэлаХэри яхэтщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьуэдзэ **Кирин Александр** зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, Іэщ1агъэм хуегъэджэнымрэ лицензэ Іуэхуэхэмкіэ законодательствэр зэрагъэащІам кьэралі кьэралІыплІэныгъэм хиубыдэу нэгъабэ КъБР-м и прокуратурэм и арэзыныгъэкІэ министерствэм кьыпщытащ шофер Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ Іуэхущ1апІэу 9. Мы гъэм абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэхэм зрагъэубгъуну кьаззрыпщыытым кьыхэкІыу апхуэдэ еджапІэу 17-м я лэжьыкІэр щІапщытыкІыну я мурадщ.

Зохалъхьауэ щыта планым тету 2015 гъэм и щІыпІэ - мэлыжьыхь мазэхэм кьэпщытэныгъэ 4 ирагъэкІуэкІати, абыхэм хиубыдэу кьыщІагъэща нЫкъусаныгъэ нэхъыщхьэхэр ГъэззкІуэжьыным теухуа тхыльхэр зыхуэфащэ щколхэм хуагъахьащ, дэтхэнэ Іуэхури щызэфІагъэкІын хуей пІалъэр иту. Зи лэжьэкІэр кьапщыта Іуэхущ1апІэхэм я программэхэм КъБР-м щыІэ МВД-м ГИБДД-мкІэ и управленэр арэзы тохуэда щхьэкІэ, кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым кьыщІагъэщащ а программэхэр ягъэззщІэн папщІэ кьрашалІэ егъэджакІуэхэм (транспортыр зезыгъэкІуэныкІэ инструкторхэм) зи щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хуримыкьуэкІэ зэрахэтыр. Языныкъуэхэм деж абыхэм зэрырагъаджэ Іэщ1агъэмкІэ зыхуэфащэ щІэныгъэ яІэкъыш, уеблэмэ инструкторхэм яхэтщ кьыззрыгъэкІ курыт щІэныгъэ зымыгъуэтахэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Бозий Натбий кьыхигъэщащ языныкъуэ автошколхэм лэжьыгъэм зэхуэдэу мыльку зэфІэкІи зэрабгъэдэмылъыр, ауэ абы щхьэкІэ я лэжьыгъэр зэрызэпамыгъэур. «А Іуэхущ1апІэхэм егъэджакІуэхэм я лъэныкъуэкІи я Іуэхур нэхъ ехьэжьауэ пхужІэнухьым. Абыхэм щІэныгъэ хэха зрагъэгъуэнкъым икІи я гъэсэнкэр зыхурагъаджэр езыхэм щІагъуэу зыхамыщыкІ Іуэхухэрщ», - жиІащ абы.

- КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм езым иІэ полномочиехэм тету автотранспортыр зезыгъакІуэхэр Іэщ1агъэм хуегъэджэныкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъоплъ, а Іуэхум хуэфащэ гулытэ хуищІыну КъБР-м щыІэ МВД-м ГИБДД-мкІэ и управленэри кьыхуреджэ, - жиІащ Кирин Александр. - АтІэми, а Іэнатіэм и Іэщ1агъэлІхэм Іэмал псори яІэщ зыхуэфащэ экзаменхэр щрагъэткІэ автошколхэр кьэзыухахэм ирагъэуэта щІэныгъэр зыхуэдэр кьапщытэну.

ЗэІущІэм щащІа докладхэм щытепсэлъыхьым, депутатхэм куэдым гу лъатащ. Кьапщтэмэ, ахэр щІэупщІащ зи кьалэнхэм пэмылъэщ школхэм я лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэзыуІэ щыкІэм, лицензэхэр кьыщыІахьж кьэхъуэр кьэмыхъурэ, щІалэгъуалэм зэхьыбэрэ хабзэхэр кьызэрызэпаудым кьыхэкІыу зи ныбжьыр илъэс 18-м куэдкІэ щІимыгъуа шоферхэр хэхауэ инспекторхэр щІадэмылажьэм и щхьэусыгъуэм, Іулъхь кьыІахьыу яубыдахэм я бжыгъэр зыхуэдизым. Зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэм а упщІэ псоми жэуап иратыжащ.

ЗэІущІэм хэтахэм апхуэдэу даІыгъащ республикэм щыІэ автошколхэм я рейтинг зэхэлъхьэным, ахэр а Іуэхущ1апІэхэм я сайтхэм пІалъэ пыухыкІахэм кьриубыдэу илъхьэным, печатым кьытрегъэдзэным теухуауэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Тау Ритэ** кьыхилъхьар. Абы Іэмал кьытынущ шофер Іэщ1агъэм хуеджэну мурад зыщІам школыр тэмэму кьыхихыныкІэ икІи щІэныгъэ нэс зригъэгъуэтыныкІэ.

ЗэІущІэм хэтахэм кьащтащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэгъэза чэнджэщ пыухыкІахэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэпщытэныгъэм кърикІуахэр

КъБР-м и прокурор Жариков Олег республикэм и прокуратурэм и коллегием и зэІущІэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ. Абы щызэхалъхьэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъавэ щІапІэхэр корупцэ хуэмэбжьымэхэм ящыкъуэмэным и Іуэхукіэ законодательствэр зэрагъэзащІэр кьыззрапщытам кърикІуахэр.

КОРРУПЦЭМ пэщІэтыныжьмкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъныжьмкІэ къудамэм и унафэщІым и кьалэнхэр езыхьэкІ Тхьэмокъуэ И. жиІам едаІуэу ар зэпкъраха нэужь, зэхуэсахэм кьагъэлъэгъуащ абы и лъэныкъуэкІэ республикэм и прокуратурэм и Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэн зэрыхуейр. Къэрал (муниципальнэ) мылткум хьхьэ мэкъумэш щІапІэхэм щыщ щы Іыхьэхэр хуимыту кьызэрагъэсэбэпым пыщІа щІэпхьаджагъэхэр кьыщІэгъэщыным, кьызэпаудым теуухуэу хабзэхъумэ Іэнатіэхэм зэфІагъэкІэхэм арэзы укьищІыркъым.

Къахута ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын, прокурор кІэлъыплъныгъэр ягъэлъэщащ, зи гугъу ящІа Іэнатіэм хабзэр щыгъэбыдэныжьмкІэ кьалэнхэр зэфІахьи мурадкІэ, зэуІуу лэжьыпхъэхэр яубзыхуащ, щагъэззщІэн хуей пІалъэхэмрэ абыкІэ жэуапткІуэхэмрэ ягъэбелджылащ.

ЦІыхухэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ зыфхудогъаз коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу гу лъыфтэмэ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм икІащ1ыпІэкІэ хъыбар евгъащІэну:

КъБР-м щыІэ МВД-м (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 10, телефонхэр: 02; 8(8662) 49-50-62), ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 4, телефонхэр: 8(8662) 48-15-81), Урысейм Следствиемкіэ и комитетым и щІыналъэ Іуэхущ1апІэм (Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 36, телефонхэр: 8(8662) 77-64-22), КъБР-м и прокуратурэм (Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 16, зэпымыууэ лажьэ телефонхэр: 8(8662) 40-45-51, электрон пощтыр – prokuror.kbr.ru).

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ЩІэблэ



«Сэ Урысейм сриІыхущ!»

Урысейм и Махуэр щагъэлъапІэ мэкъуаугъуэм и 12-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм, ветеранхэм, МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтхэм, УФ-м Іэпхъыщэпхъуэным кІэлъыплъ Іэнатіэм и федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и лІыкІуэхэр ящІыгъуу «Сэ Урысейм сриІыхущ!» зэІущІэр ирагъэкІащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и Тхыдэм и музейм зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа кьалэдзэ еджакІуэхэм Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортхэр щапхъу.

Бутенкэ Богдан, Жабинэ Ангелинэ, Гъуэлпъащ1э Резуан, Дзэгъащ1э Регинэ сымэ ящыщщ зэхъуэхъуу паспортэкэр зратахэм. КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэт Степановэ Наталье жиІащ:

- Ныбжьэгъу пъапІэхэ, паспортыр кьызэрыватамкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу. Паспортыр кьуатыныр дэтхэнэ цІыхум и дежкІи мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ, жэуапльныгъэ зыпылъщ. Абы кьалэн кьыпщедЖ Хэкум ухуэпэжыну, абы зиужьныным утелажьну.

Ныбжьыщ1эхэм я адэ-анэхэм, Іыхьлыхэм кьабгъэдэкІыу къэпсэлъащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ветеран Гъуэлпъащ1э Хьэсэн. Ныбжьыщ1эхэр Хэкур фІыуэ ялъагъуу, нэхъыжьхэр я щапхъэу къэтэджмэ, гъащ1эм лъэ быдэкІэ хэувэмэ зэригуапэр кьыхигъэщащ абы.

Кьыззэрэсахэм музейм зыщрагъэплъыхьащ, ныбжьыщ1эхэм «Эльбрус» кинотеатрым щекІуэкІыну спектаклым зэрырагъэблагъэ билетхэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и милицэм и тхыдэ» тхыльыр иратащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Зэпеуэхэр

Дапщэщи жыджэру хэтщ

Иужьрей илъэситІ зэкІэлъыкІуэм ирагъэкІуэкІа «Урысейм и сетхэр»: сабийхэм сурэт ящІ!» урысейпсо зэпеуэм щытекІуахэмрэ абы хэтахэмрэ Урысейм и Махуэм ирихьэлІэу «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м щагъэлъапІащ.

«УРЫСЕЙМ и сетхэр» компанием гъэ къэс кьызэригъэпэщ зэхьэзэхуэм «Къэббалъкъэнерго» акционер обществэ зэІухам и лэжьакІуэхэм я сабийхэр дапщэщи жыджэру хэтщ. Хабзэ хъуэу, абы щызэпоуэ энергохолдингым хьихьэ компание гупым и Іэщ1агъэлІэхэм я бынхэу ильэси 5-м кьыщыщІдзауэ 14-м нэс зи ныбжьхэр. Ягъэхьэзыра Іэмэкъыгъэхэм я зэщІэхъущхьауэ хопльэ: япэщІыкІэ щІыналъэм, иужькІэ Мэзкуу кьалэм ахэр кьыщыхьах.

ГъэкІэрэ кьыхалъхьэ «Энергетик Іэщ1агъэ», «Урысейм и сетхэр» унагъуэшхуэ», «Энергетикэм и дуней» зэпеуэхэм кьэралым дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэм теуухуа номинацэ илъэс кьэс дыщІагъу.

Дохъушыкъуэ Азрэт и лэжьыгъэ «Сочэ и мафІэхэр дуней псом щоблэ», ЛІызам Тэон и Іэдакъэщ1экІ «Урысейм и сетхэр» планетэм и нэхущІ» жыхуиІэхэр Олимп илъэс кІуам щыналъэ зэхьэзэхуэм щытекІуащ.

Мыгъэрей зэпеуэр Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум траухуащ. Лъэнкіэпіашэ Мурат «Урысейм и сетхэр» унагъуэшхуэщ» зыфІища и сурэтым Мэзкуу щекІуэкІа кІэух зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр щыІэкІащ. «И лІыхъужьыр зыфІэмылъапІэ унагъуэ Урысейм искъым» номинацэм Унэж Берд ещанэ щыхъуащ.

Нэгъабэрей зэпеуэм хэта, илъэсищ фІэкІа зи мыныбжь ЛІызам Аслъэн, абы и шыпхъу Элинэ, мыгъэрейм кьыхэжаныкІахэу Уэлджырхэ Даринэ, Даниз сымэ я лэжьыгъэхэри фІы дыдэу кьалъытащ.

Лауреат хъуахэм, кІэух зэпеуэм нэсахэм, зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщІэ псоми фэеплъ саугъэтхэмрэ дипломхэмрэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту иратыжащ, Іэфіыкіэ Іэнэ кьыхуащтащ.

ДЖЭДГЪАВЭ Татьяна.

● Гъуэгу къежьапІэ

Нэхъ мащІэ мэхъу

КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм и Іэщ1агъэлІ Токъмакъ Мадинэ хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, Налшык къалэм щаІэ центрым щыхьэрым и школитухум я 9 - 11-нэ классхэм щІэсхэм щеупщІащ, зыхухьыну зыхуэпабгъэ Іэщ1агъэр зрагъэщІэн мурадкІэ. ЗэупщІа ныбжьыщІэ 600-м я процент 15-р мы гъэм Налшык и курыт школхэр кьэзыухэрщ.

УПЩІЭХЭМ ирата жэуапхэм кьызэрагъэлъэгъуащи, еджакІуэхэм я процент 70-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыну хуейщ. Центрым и лэжьакІуэхэм кьызэральытэмкІэ, школакІуэхэм я хъуэпсапІэр кьайхъуІэу щытми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ апхуэдизу цІыху Іэнатіэкіэ кьызэрагъэпэщыфынукъым, сыту жыІэмэ илъэс зыбжанэ хъуауэ курыт Іэщ1агъэрэ щІэныгъэрэ зиІэхэм нэхъ яхуэныкъуэщ ди республикэр. Адэ-анэхэр зыхуей Іэщ1агъэр кьыхэхъэсы сабийхэр илъэс блэкІахэм нэхърэ нэхъ мащІэ хъуащ. Анкетэхэм кьызэрыщІэгъэльэгъуамкІэ, ежьакІуэхэм я процент 51-м езыхьэр зыхуей Іэщ1агъэращ кьыхахьр.

Илъэс блэкІахэми хуэдэу, щІэблэр нэхъыбэу зыхуэпабгъэр медицинэ, экономикэ, юрист Іэщ1агъэхэращ.

Кьыхахьну Іэщ1агъэр тэмэму ямыубзыхуауэ еджапІэхэм щІэтІысхьэхэри мащІэкъым. Аращ кьызыхэкІыр республикэм цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и Іуэхущ1апІэм зыщезыгъэтхэм я бжыгъэм хэхъуэныр.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● Гу зылъытапхъэ

ПщІэ зыхуащІ налшыкдэсхэ, къалэм и хьэщІэхэ!

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм хьыбар фегъащІэ «Ипщэ-Къуэхьэпіэ» котельнэм жьы хъуа и хуабэ кІуапІэхэр зэрызэрахъуэкІым кьыхэкІыу, Кулиевымрэ Кировымрэ я уэрамхэр щызэхьыхьэм щегъэжьауэ Кулиевым и цІэр зезыхьэм тет 18-нэ уэнм нэсыху бзиих жыг 19 кьыщрамычыжу зэрымыхъунумкІэ.

«ТЭК» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ Уэзрокъуэ Залым зэрыжиІамкІэ, хуабэ кІуапІэр а щІыпІэм хуоэз, бжьамийхэр зэрыщІалъхьэрэ илъэс 30-м щІигъуащи, ямыхьэжу хъунукъым. Ягъэуба пІалъэм кьитІэсэн, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр и чэзум яухьн папщІэ, мы зэман гъунэгъум жыгхэр ирахынурэ, кІэнауэр абы хуагъэхьэзырынущ.

НэхъапэІуэкІэ хъыбар зэрывздгъэщІащи, ремонт лэжьыгъэхэр зэрызэфІэкІыу, бжьыхьэ дызыхуэкІуэм а щІыпІэм апхуэдизу жыг щыхасэжьнущ.

Кьалдэсхэм дольэу дызэхащІыкІыну, шыІэныгъэ зыхагъэльэну.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Тхакlуэ Щоджэн Леонид и пшыхь.

Сабийхэм папщIэ

Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щекlуэкlащ Щоджэн Леонид илъэс 80 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь. Ар къызэригъэпэщат Налшык къалэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и департаментым и методист ЛIыIэщын Людмилэ.

АдыГэ тхакlуэм и гуфIэгъуэр далэтыну пшыхьым кърихьэлIат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ и министерствэм и лIыкlуэ **Тохъу Светланэ**, КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Ззэшгъэлъу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылябий**, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ къудамэм и унафэщI **Тэтрокъуэ Астемыр**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и къуэдзэ **Щоджэн Аминат**, тхакlуэхэу **Балъкъыз Батий**, **Хьэту Пётр** сымэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондым и тхьэмадэ **Щоджэнцыкlу Леонид**, нэгъэщIэгъэн. Апхуэдэу зэIущIэм къекlуэлIат Щоджэн Леонид и творчествэр фIыуэ зыпIалъу егъэджакlуэхэр, ещанкlуэ цIыкlуэр.

Къэбэрдей сабий усакlуэ цIэрыIуэм гуапэу ехъуэхъуащ гуфIэгъуэ пшыхьым кърихьэлIахэр. Я́пэу псалъэ зрата Сэхъурокъуэ Хьэутий гуапэу зыхуигъэзащ Щоджэн Леонид икlи къыхигъэщащ ди щIэблэр адыгэбзэм дегъэхьэхьынымкIэ иныжь и творчествэм мыхьэнэшхэу зэрилэр.

- Мы пшыхьым сабий куэд къызэрыригъэлIар икъукlэ ди гуапэщ. Ар и щыхьэтщ Леонид и IэдакъэщIекlэхэр абыхэм зэращIэм, ягу зэрырихьым, - жиIащ Сэхъурокъуэм икlи ДАХ-м къыбгъэдэкlыу щIыхь тхыльрэ саугъэтхэмрэ тхьэмадэм иритащ.

Тхыльыр цIыхухэм фIыуэ егъэлъагъуным теухуауэ лэжьыгъэшхэр зэрызэфIигъэкlар, абы папщIэ Леонид «Пропагандист книги» щIыхь дамыгъэр къыхуагъэфэщащ зэрыщытар, егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэм псэ хьэлэмкIэ зэрыбгъэдэтыр къалъытэу, «За доблестный труд» медалыр къызэрыхуагъэфэщар, нэгъуэщI Iузхуэгъуэ кэуди къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Тохъу Светланэ. Ар Щоджэн Леонид и махуэшхуэмкIэ гуапэу екъуэхъуащ икlи ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ министерствэм къыбгъэдэкlыу щIыхь тхыльрэ саугъэтхэр иритащ.

ЦIыкlухэм яхуэтхэ къудей мыхьуу, пэщIдзэ классхэр адыгэбзэкlэ еджэу щащIам щыгъуэ, учебник зыбжанэ Леонид адыгэбзэкlэ зэридзэкlауэ зэрыщытам, а лэжьыгъэр къыпхуэмылытэнэм хуэдизу ди егъэджакlуэхэм щхьэпэ зэрахуэхъуам тепсэлъыхьащ и ныбжьэгъуфIым екъуэхъуну утыкум къихьа Балъкъыз Батий. Апхуэдэу абы къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ а лэжьыгъэр щигъэзащIэм Леонид псалъэцIэ куэд адыгэбзэм къызэрыхигъэхьам. Абыхэм ящыщщ: дунейрыгъуазэ (природоведение), уахэ (космос), щIыгупс (водоём), нэрылпIэхэ (горизонт), псыщIыгу (остров), щэдгуарцэ (торф), псантхуэ (нерв), нэгъуэщI куэди.

- Леонид егъэджакlуэшхэщ жыпIэкlэ ущыгъуэнукъым. Ар ноби и Iэр зэтедзауэ щыскъым, абы и тхылъыщIэхэр щIэх-щIэхьурэ езым и мылъкlуэ къыдегъэкlыж. Ди тхылъ тедзапIэм гулъытэ нэхъыбэ къыхуищIу, а Iэхъумкlэ Леонид щIэгъэжъуэн къыхуэхъуну ди гуапэт, - жиIащ Балъкъыз Батий.

Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щылажьэхэм къабгъэдэкlыу хьэхъу дахэкlэ Щоджэн Леонид зыхуигъэзащ Тэтрокъуэ Астемыр:

- Хуабжьу цIыхугъэшхуэ зыхэлIащ Леонид. Ди зэманым цIыхум и гум илъыр нэгъуэщIхэм я жагъуэ имыщIу къэзыIуэтэфыр мащIэ хъуащ. И гум илъыр дахэу къыбжезыIэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэхэм теухуауэ чэнджэщыфIхэр къозытыф цIыху хьэлэмэтщ Леонид. Лъэпкъым хуэблэжьар мащIэкъым, Тхьэм куэдрэ ди япэ уригъэт!

- Егъэджакlуэ Iэкlуэлъакlуэу, сабийм игу дыхьэ усакlуэу, жылагъуэ лэжьакlуэу, сыт хуэдэ лъэпкъ Iэхуми гуузэ-лыуз хуиIэу, цIэлбэр экъупсэу гъэсэным, анэдэлъхубзэр хьумэным, абы зегъэужьыным и гъащIэр теухуауэ зэрыщытыр, щэч хэмылъу, ди цIыхубэм Щоджэн Леонид хуаIэ лъагъуныгъэм и хэкIыпIэр. Нобэкlэ мурад пыухыкlахэр иIащ ди нэхъыжьфIми, ди гуапэщ ахэр къехулIэну, и узынщагъэр быдэу, лъэпкъ сабийхэм я гум, я псэм дыхьэн тхыгъэфIхэмкIэ къытхуэупсэу ди япэ куэдрэ итыну дыхуохъуауэ, - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Аминат икlи саугъэткlэ хуэупсащ зи махуэшхуэр зыхуагъэлъапIэ нэхъыжьыфIым.

Ищхьэкlэ зэрыщыжытIащи, гуфIэгъуэ пшыхьым кърихьэлIат еджакlуэ, егъэджакlуэ, сабий гъэсакlуэ куэд. Налшык къалэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и департаментым и методист ЛIыIэщын Людмилэ и жэрдэмкlэ мы гъэ еджэгъуэ блэкIам зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд школхэм щекlуэкlащ Щоджэн Леонид илъэс 80 зэрырикъум, абы и творчествэм теухуауэ. Абыхэм ящыщщ цуэ къеджэныгъэмкIэ, Щоджэн Леонид и псалъэхэр зыщIлъэ уэрэд жыIэныгъэ, усакlуэм теухуауэ усэ, сочиненэ, эссе тхыныгъэ, и творчествэм ехьэлIа презентацэ тхьэхьэзырыныгъэ зэпеуэхэр. Мы Iузхуэгъуэсэм жыджэру хэтахэр, къыхэжаныкlахэр, текlуахэр щагъэльэпIащ гуфIэгъуэ пшыхьым, ахэр утыку ирашэрэ Щоджэн Леонид щIыхь тхылъхэр яритащ. Еджакlуэ щыIыхэм усэ къеджэнкlэ, зэпеуэ жыIэнкlэ, къэфэнкlэ я зэфIэхIэкlэ къалъэлъэгъащ, фIыуэ ялъагъу усакlуэм гуапэу тыгъэ хуащIащ.

- Сэ сабийхэм папщIэ сымыщIэн щыIэкъым. Си гъащIэри зытеухуауэ щытри ахэращ, - жиIащ Щоджэн Леонид. - Анэдэлъхубзэр ныбжьыщIэхэм фIыуэ ялъагъун папщIэ сэ слъэкI къэзгъэнакъым, адэкlи а Iуэхум сытелэжьэну си гугъэщ.

Щоджэным фIыщIэ яхуищащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэми, абы къэкlуэлIахэми, и гуащIэдэкlым гулъытэ хуэзыщIа псоми.

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Кlэбышэ Лилэ и рассказхэр

Насыпыр дапщэщ уэстын?

ЗЭГУЭРЫМ гъащIэр цIыхуитIым еупщат жи: «Насыпыр фи щIалэгъуэм фэстын хьэмэрэ фи жьы хъугъуэм пэгъэпльэн?» - жиIэри.

- Сытхъэжу фIыгъуэм сыкъэзгъэ зы гукъеуи симыIэу си щIалэгъуэм сыпсэумэ нэхъыфIи аракъэ?! А зэманым сэ Iэджэми сыхуеинущи, а псоми згъэутуръ жьы сыхъумэ, адэкlэ гъащIэр егъэзыхьгъэущи, къэнэжи зуыхуеижи щыIэкъым, - жеIэ зым.

- Ари пэжщ, ауэ щIалэгъуэр пIэщIэкIрэ, жьыгъэмрэ узымрэ къыптекlуамэ, дауи, насыпынышагъэщ. Ярэби, си щIалэгъуэм гугъу сехьми, си жьыщхьэ сIуэтэжмэ нэхъыфIу пIэрэ? - жиIэри ар къыхихащ етIуанэм.

- Сыт щхьэкlэ, цIыхур псэуху зрикъун насып епт хъунукъэ ущымыхьу? ЦIыхур дунейм къыщIытехьэр насыпыфIэу псэуну аракъэ? - къэпсэлъащ адэкlэ зыгуэр къыщIытти.

- Гугъуехь гуэр зымышэч дунейм теткъым. Насыпыр къэгъэтыгъуафIэу щытамэ, абы и пщIэр апхуэдэу лъагэу щытынт?! - къапидзыжащ гъащIэм.

А хъыбарым щIэлъ купщIэр къызэрыфIэмыIуэхуам югупсыс, къурышыбгъэм хуэдэу лъагэу уэгум иту зыкъызыщыхьужа, зэгуэр щIым къеувэхыжыну зимыгугъа дадэм и тхьэмыщкIагъэр щыплъагъукlэ икlи дунейри зэрыхьэхум, гъащIэри зэмыфрэгу куэду зэрызэхэлъым шэч къытепхьэжыркъым.

Жамырэз и щхьэгъусэ Женя дунейм зэрехьжрэ илъэс зыбжанэ дэкIами, а гуаузр къыщыхъуар нобэм хуэдэу зыхеущI.

Къулыкъу хъарзыни иIыгъыу, «Волга» хужькlи кърашэкlыу лэжьащ ар. Уафэм къехуэхам хуэдэу, щымыгугъыхэу, Жамырэз къыIэрыхьа къулыкъым и щхьэр лъагэу иригъэIэтат. Зыхьхьэхэм ягъэлъэпIэрт, пщIэрэ нэмысрэ къыхуащIу. И щхьэгъусэри дахэрэ зэкlужу, щыгъныкlэ защIэкlэ хуэпауэ, а тIур хьэщIапIэ здэкlуэ унагъуэхэм я напщIэ тельт. ЖьантIэр тIысыпIэ хуащIырт, нэхъ нэ лейкlэ къеплъырт.

Зощхьэгъусэхэм бынищ иIэти, хъарзынэхэр, щJэныгъэ нэхъыщхьи ягъэтахэт, унагъуэфIи хъужахэт.

Сыт щыгъуи узыншэу къэзгъэгурыкlуа Женя махуэ бжыгъэкlэ фIэкIа мысымаджэу дунейм екlужащ. «Сигу кьеуэу укъызогъанэ, ауэ псоми гъащIэ зырыз къыдитащи, къытхуиухам хуэдизрэ допсэу. Сэ сымыпсэужми, умыгузавэ, бынхэр къыпкlэлъыплъынщ, леи къыптрагъэхьэжьынкlэ», - къыжриIэжат иужьу...

Дадэм и Iэ гур кlэзызэкlэ шейнычыр къищтэри, шей къригъэхъащ.

- Пэжыр бжесIэнщи, зи мыпхуэдэ Iэнатlэ сыIуувэну сигуГакъым. Сынасыпкlэу илъэс куэдкlэ сыпсэуа пэтми, а псори зы махуэ закъуэм къриубыдэу блэлъэтауэ къысщохьу. Зы гуэзвэгъуэ закъуэм пщегъэгъупщэж фIы псори. Си адэм къызжиIауэ щытат: «Къулыкъу нобэ згъуэтащ жыпIэу, си щIалэ, умыудафэ, Iуэхутхьбзэ щхьэкlэ къыббгъэдыхьэр умыгъэщIэхъу. Къулыкъум узэригъаIэпIэнур абы утетыхыщ. А зэманым къриубыдэу уи напэр умыщжамэ, уи насыпщ, абы щыгъуэм щIым я пщIэмрэ нэмысымрэ гъащIэ гъуэсу къыпхуэнэжынщ. Къулыкъур пIаХыжьыфмнущ, ауэ зэи пIащIамыхьыфынур, уэ езым IэщIыб умыщIмэ, напэмрэ цIыхугъэмрэщи, мис а тIур хьумэ». Зызумысыжынщи, си адэм а и псалъэхэр щыхуэмыгъэзэщIа, щысщыгъупща къэхъуащ, - Жамырэз и псалъэхэр зэпигъэури, и нэгъуджэр илъэщIащ, зыIуимыльхъэжу стIолым трилъхэри шейм еIубащ. - TIэкlу зыкъысфIэщIыжам пцIы хэльтэкъым. Къызэрыгъэкlуа цIыхухэм сакъыхуепльыхыт. Сэбэп сызыхуэхъуа гуэрхэри щыIэщ, ауэ зыкlи сызэмылIэлIахэр, зи хьэтыр сымыльэгъуахэр нэхъыбэщ. Пцы зыхэмылъращи, си къулыкъымрэ си хьэмтетыгъэмрэ кlэ яIэу сигугъакъым.

- Дуней псом щысцIэрыIуэ Соломон и Iэпльыным «Псори блэкIынущ» псалъэхэр тетхауэ щытауэ тхыдэм къыхоцщIыкlыжащ. Фыгъэуэм и курыкупсэм хэс цIыхум къыщохьу и гъащIэ псор апхуэдэу ирихьэкlынну, тщогъупщэж псоми чэзу гуэр зэраIэр, ар зэрыблэкlынным дегупсысыкъым, - пызо дзыж дадэм.

- Пэж дыдэщ, тщогъупщэж. Ди Iуэхур есфIакlуэ щIэдзэамэ, ди гугъэщ игъащIэкlэ апхуэдэу щытыну. Пенсэм сыпсысыжащ, си гуауэр сщхьэщыщыхькlи къулыкъри сиIэжкъым, апхуэдиз илъэскlэ зэрызыдэпсэуа си щхьэгъусэри сыгурымыжурэ сIэщIэкlащ. Си жейр кIуэдащ, си гъащIэм сызэмыфа тутыным софэри пIэм сыхэльщ. Бынри хъарзынэщ, ауэ ахэр я щхьэм хуопсэуж. Си закъуэныгъэр къыздагъэпсынщIэну апхуэдэ зэфIэкI абыхэм яIэкъым. Хьэкъыу спхыкIаращи, щхьэгъусэр япэ ищамэ, цIыхухъм и тыншыгъэр зэфIэкIащ. И щхьэ закъуэ джэрэзу дунейм къытонэ. Мы лыжь псэльэрейр жумыIэ, зэман къыгъэтрэ, уэрэзэгъу зыгуэр къыскухэсжумэ, си дежкIэ ар куэд и уасэщ. Мис нобэ уэ сытебгъэуащ, Тхьэм уигъэузынщэ, - жиIэурэ дадэм сыкъыщIишыжащ.

Жамырэз къиIуэтэжыну зыхуэмея куэд къыгъэнат. Ар икlи гурыIуэгъуэщ. КъулыкъущIэу щыщыта зэманым ищIамрэ зэрыщытамрэ жызыIэжыр хэт? Яхуэзфэкlам, сагъэжейркъым, - мэтхъэусыхэ ар.

- Ахэр щыIэу уи фIэщ зэрыхъурэ куэд щIа? Сыпщыдыхьэшхынут, ауэ си жеин къокlуэ, - жиIэри фыз пшэрышхуэр, хущхьэурэ, къызыщIэкlа пэшым щIыхьжащ.

Щ1алэгъуэмрэ къаурмрэ цIыхур къащыкъуэгушхукlым и деж, и гугъэжщ а зэманыр зэи имыкlыну, и дунейр апхуэдэ защIэу ихьыну. Ауэ ахэр ппэщIэ хуэрэ жыгъэмрэ узымрэ бжьыпэр яубыдмэ, къэпкlуа гъэзгуанэм мис итIанэщ ущиритлъэжьр.

ЛIыжьыр и щхьэм хуэпсэлъэжурэ, и лъакъуэ гъурым вакъэ лъэныкъуэр лъитIэгъащ, етIуанэр имыгъэтыжу лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, гъэзлъэпIэ щIагъи щэнт лъабжьи ежьмыгъанэу щIэлпIащ. Щимыгъэтыжьым: «Зэпытыр къыпхуэIуэ!» - жиIэри ерагъыу къыщIипщжащ.

Щ1эIуу икlи Iущащэурэ адрей пэшми щIыхьэри, блынджабэм хэщIыхьа жьэгум бгъэдэтIысхьащ. Дэпыр жьэрэжьэж пэтми, лIыжьым пэрыIэбэр къищтэри, мафIэр зэIи щIащ. «Сыхуэбжэр сэ сиIэр псэхужамэ, аратэкъэ?» - жиIэурэ и плIэр зэхуишащ.

- Дунейр хьэхуу зэрыкlаIэр зэхэсхыт, ауэ абы си Iыхьэ хэпIу си гугъаткъым. Хьэхр нэгъуэщIхэм я дунейраду къызыщыхъурт. Си фызыжьыр хэти и щхьэм елъэну къызэтенэри, сэ мыпхуэдэу кхъахэ сыхъуащ. Зэпытыр къахуикlуэ псоми. Сэ къулейсызу сыкъэхъуащи, ар зыхуэдэр си къуэм езгъэгъэунэхункъым жысIэурэ, зэтеслъхьа мылъкум ари хуэмеижу къыщIэкlащ. Абы и анэм къилъхуа цIыху хъунт?! Зы закъуэщ а си щхьэгъусэ пIащэжьым сызэрыхуэарэзыр. Дапщэрэ къэзмыгъэпцIами, зэи шэч къысхуищIакъым. ИщIэми, къыфIэмыIуэхуарэ хьэмэрэ жысIэм зэи шэч къытримыхьэжарэ? СщIэркъым. Мысэр хэй сщIырэ хейр мысэ сщIыуэ, нэхъыбэ къыззэзытым пцIыр есщэу сызэрыщытам уи къуаншагъэ хэмылъу уи гугъэмэ, ущоуэ. Гуэныхъэри си закъуэ сыпшыныжыну къызэрыщыпсуымкlи ущоуэ. Щхьэ сыкъыумыгъэувыларэ: «Мыпхуэдиз дыщэхэкlым, щыгъын IапIэхэм сыхуэйкъым», - жыпIэу. Iейуэ жыпIэнт! ПфlэмащIэу зэппъэфалIэт. Упхуэу ящыщIыгъуэ зэрымащIэр умыщIэу арат? ПщIэрт, псомм ущыгъуаззт, ауэ убзаджэжьэ, умыщIафэ, къыбгурымыIуафэ зэтебгъэуащ. Ущымыгугъ уэри апхуэдэу дунейр пхьыну. Уи къарур щIэкlуэсыкlынщ. Итlанэщ зэи къыумыдза Алыхьри аухъэтри уи фIэщ щыхъужьынур. Абы и закъуэ? Щыхуэ зэпегъэури, бжэмкlэ маплъэ.

И щхьэ хуэпсэлъэжьынщ лIыжьым зэуэ зэпегъэури, бжэмкlэ маплъэ.

- Аргуэру уэра? Къызэрытебгъэзэжар сыту фIыщIт! Адрейхэр къыщIэмыхьэну яжеIэ, уэ зыращ сызыхуейр, къэкIуатэ... Хъунщ-тIэ, сэ сынэкIуэнщ. Уэ умыпIащIэу къызэжьэ. Япэм хуэдэу жыз сщIэту, си лъэр жану сыщцытыж уи гугъэрэ? - щэIуу къэтэджа, арщхьэкlэ псынщIэ дыдэу йохуэхыж. - Хъунщ, хъунщ, ущIэмыкIыж, сынакIуэркъым, сыноIуэркъым. Зыумысыжьт, уэри фIыуэ сыкъэплъагъуу щытакъэ? Щхьэ зыри жумыIэрэ? Гущыкl къысхуэпщIащ, пэжкъэ? СощIэ. Къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жи. Къэзгъэзэжащ. СыбгъэщIынур сыт? Сыти къыспыпынт? Щыхуэ псоми фIыуэ яхъсльагъуklар уэрат. Уи нэпсыр къожэхри, умыгъ, зэхэпхрэ, сынолъэIу, умыгъ. Уи къуэм и суд щащIэми угъырт, укъыщызэлъэIуами угъырт. Апхуэдизкlэ сыкъэгъахати, уи къуэр къезгъэутIыпщыжыну сыхьэзырт. Арщхьэкlэ... Уи нэпсыр... Зэи усщыгъупщакъым, си нэгу зы дакъикъи ущIэкlакъым. Уи нэпсыр... Iукlуэтыт, моуэ тIэкlу Iукlуэтыт, фIыщIу сльэгъуа. КъыщIэгъэхьэ а бжэм деж щытыр, ар къыщIэкlуар сэращ...

Кlульшыкъум нэблэгъауэ и щхьэгъусэр къэтэджрэ зэрыщIыхьэмэ, лIыжьыр утыкум илът.

- Арщхьэкlэахъшэр къеIысхакlэт... А уи къуэр зи пIэм иувам ахъшэшхуэ къеIысхакlэт, - Iущащэрт лIыжьыр, и нэр зэтепIауэ, ауэ абы жиIэр зыми зэхихьртэкъым.

Нэлат

тынкъым. Зыми естыныкъым, зэхэпхрэ, зыми, - жиIэурэ щыIуихам хуэмыдэу нэхъ жану, нэхъ псынщIэу къыздэгъэжьыжэр щIыбдэжри, къытрахынкlэ шынэу, Iункlыбзэйлухэр зрилъхьа хъэлат жыпыр и IитIымкlэ и иубыдыжащ. - Зи Iэр зи щIыбагъымкlэ ехьэкlа щIалэщIэри сыту нэщхъ Iейкlэ укъызэлпIрэ? Уэри игъащIэкlэ щIалэу укъэнащ. Ар нэхъыфIкъэ? Сэ схуэдэу лIыжь къхъаэ ухъуху упсэуным гъащIэгъэуэну зыри хэлъткъым. Щхьэ зыфIэплъэжат? Куэди птеслъхьатэкъым, илъэс зыхьлI къудейуэ си гугъэжщ. НтIэ ар куэд? ИгъащIэкlэ тутнакъэщым иси щыIащ, абы щхьэкlэ зыфIалъэжьыркъым, мэпсэу. А уи гъусэр Iэужум къыхэсшын щхьэкlэ къызатар сыт хуэдизми пщIэрэ? Ахъшэм и къарум пэхъун иджыри къэс зыми къигупсысакъым икlи къахуэгупсысынкъым.

Уэ лIыжь къетхъухари узыхуейр сыт? Уэри аращ, укъыхсхэзгъоп, сыкъэплъагъуи хъуркъым. Къэбгъуэтаи сыщIэбгъэгузэвэн. Уэ пхуэдэм си щхьэ теслъхьэу сыкъэувыIэу сепсэлъэн зэспэсыхxэу щытакъым. Нобэ хуэмыдэу сэ хьэмтетыгъуэ сиIащ. Зы махуэм сльэгъуа тыншыгъэмрэ гухэхъуэмрэ пщIыхьэпIэу уи нэгу щIэкlакъым. ПщIэуэ къысхуащIыр сыт хуэдизт! Мо къуэми дахуэнкъым. Iулъхьэр я Iэгум илъу машинэкlэ къыскlэлъэжьыхьыт. КъызэIысхэр гуфIэрт, сэри си Iуэхур къикlыт. Апхуэдэхэм деж, дауи, зыгуэр хилъэфэн хуейт. Уэ цIыхубзыр мы къомым я щIыбагъым щхьэ укъыдэуа? КъэкIуатэ мыдэ. Нэлат къызэпхар пщIэжрэ? Сэ ар сщыгъупщэжакъым, ауэ итIани уэ пхуэдэу сльэгъуа цIыхубз дунейм тетакъым. Дарий хужь пIащIэм дахащэу къыпхыпс а уи щIыфэм зыщIымыгъэнщIурэ усIэщIэкlащ. Пэжщ, наркотик зыщар уи къуэратэкъым, къыхэсшынри мурад быдэ сщIат. Арщхьэкlэ пльагъурэ, Iузхур зэрыхъуар... Къысхуагъэлъэгъуа ахъшэм и куэдагъым си нэр къыщхьэрипхъуэри, нэгъуэщI слъагъужакъым. ПщIэжрэ иужькlэ къызжеIар? Зы псалъэ мычэму нобэми ар си гум илъщ, псэхугъуэ къримытуи си псэр къреухэкI. ГъащIэм и нэлатар Тхьэм къыптригъахуэ!

Зыми дыкъамыщIэу илъэс дапщэкlэ щIасэу узиIа? Уи щIалэжь щIыкlур мыхъуамэ, адэкlи ди Iуэхур хъарзынэу екIуэкlынут. Ныкъуэдыкъуэ хъуаэу, кIуэдауэ лъэхъуэщIым къызэрикlыжар щхьэжэ пщыхьэри, уи жаркъэ пэлъэщакъым. Зызумысыжьынщи, а Iуэхум хуэдэу сызыхущIегъуэжа игъащIэм зэи злэжьакъым. Зэхэпхрэ? СыхущIегъуэжащ. СынолъэIу... стехьж уи нэлатар. Хъуну степхьж? - жиIэурэ лIыжьыр бжэмкlэ мэпщ, - УIумыкlуэт, сызэгъIуэсэ. Хъунщ-тIэ, уи гугъу сщIынкъым, ауэ умыкlуэдыж къудей. Мылым укъызэщIыкlам хуэдэу щIыIэмэ къыпкlэрехри, хьэмэрэ умыл гущIэу пIэрэ-тIэ? Хьэуэ, ар уэращ, уи дахагъымкlэ укъэсцIыхужащ, уи нэлатым сыкъыIэщIэгъэкI, сынолъэIу. Япэм льэгуажьэмыщхьэу укъызэлъэIуами, плъагъурэ, иджы сэращ лъэгуажьэмыщхьэу уи пащхьэ итыр.

- Аргуэру къэхъуар сыт? Иджыри хьэпщхупщхэм уашхэ? - шхыдэрэ и щхьэгъусэр къыщIыхьащ.

- Хьэпщупщкъым, нэхъыкlэщ къызэжар... цIыкlуэхращ. АфIэкIа ахэри сымыльагъужащэрт, - щэIуурэ лIыжьыр къэтэджыжащ. - Жэщтеуэ къыстоуэ, шейтIанхэр къызоижри, сагъэжейркъым, - мэтхъэусыхэ ар.

- Ахэр щыIэу уи фIэщ зэрыхъурэ куэд щIа? Сыпщыдыхьэшхынут, ауэ си жеин къокlуэ, - жиIэри фыз пшэрышхуэр, хущхьэурэ, къызыщIэкIа пэшым щIыхьжащ.

Щ1алэгъуэмрэ къаурмрэ цIыхур къащыкъуэгушхукlым и деж, и гугъэжщ а зэманыр зи имыкlыну, и дунейр апхуэдэ защIэу ихьыну. Ауэ ахэр ппэщIэ хуэрэ жыгъэмрэ узымрэ бжьыпэр яубыдмэ, къэпкlуа гъэзгуанэм мис итIанэщ ущиритлъэжьр.

ЛIыжьыр и щхьэм хуэпсэлъэжурэ, и лъакъуэ гъурым вакъэ лъэныкъуэр лъитIэгъащ, етIуанэр имыгъэтыжу лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, гъэзлъэпIэ щIагъи щэнт лъабжьи ежьмыгъанэу щIэлпIащ. Щимыгъэтыжьым: «Зэпытыр къыпхуэIуэ!» - жиIэри ерагъыу къыщIипщжащ.

Щ1эIуу икlи Iущащэурэ адрей пэшми щIыхьэри, блынджабэм хэщIыхьа жьэгум бгъэдэтIысхьащ. Дэпыр жьэрэжьэж пэтми, лIыжьым пэрыIэбэр къищтэри, мафIэр зэIи щIащ. «Сыхуэбжэр сэ сиIэр псэхужамэ, аратэкъэ?» - жиIэурэ и плIэр зэхуишащ.

- Дунейр хьэхуу зэрыкlаIэр зэхэсхыт, ауэ абы си Iыхьэ хэпIу си гугъаткъым. Хьэхр нэгъуэщIхэм я дунейраду къызыщыхъурт. Си фызыжьыр хэти и щхьэм елъэну къызэтенэри, сэ мыпхуэдэу кхъахэ сыхъуащ. Зэпытыр къахуикlуэ псоми. Сэ къулейсызу сыкъэхъуащи, ар зыхуэдэр си къуэм езгъэгъэунэхункъым жысIэурэ, зэтеслъхьа мылъкум ари хуэмеижу къыщIэкlащ. Абы и анэм къилъхуа цIыху хъунт?! Зы закъуэщ а си щхьэгъусэ пIащэжьым сызэрыхуэарэзыр. Дапщэрэ къэзмыгъэпцIами, зэи шэч къысхуищIакъым. ИщIэми, къыфIэмыIуэхуарэ хьэмэрэ жысIэм зэи шэч къытримыхьэжарэ? СщIэркъым. Мысэр хэй сщIырэ хейр мысэ сщIыуэ, нэхъыбэ къыззэзытым пцIыр есщэу сызэрыщытам уи къуаншагъэ хэмылъу уи гугъэмэ, ущоуэ. Гуэныхъэри си закъуэ сыпшыныжыну къызэрыщыпсуымкlи ущоуэ. Щхьэ сыкъэумыгъэувыларэ: «Мыпхуэдиз дыщэхэкlым, щыгъын IапIэхэм сыхуэйкъым», - жыпIэу. Iейуэ жыпIэнт! ПфlэмащIэу зэппъэфалIэт. Упхуэу ящыщIыгъуэ зэрымащIэр умыщIэу арат? ПщIэрт, псомм ущыгъуаззт, ауэ убзаджэжьэ, умыщIафэ, къыбгурымыIуафэ зэтебгъэуащ. Ущымыгугъ уэри апхуэдэу дунейр пхьыну. Уи къарур щIэкlуэсыкlынщ. Итlанэщ зэи къыумыдза Алыхьри аухъэтри уи фIэщ щыхъужьынур. Абы и закъуэ? Щыхуэ зэпегъэури, бжэмкlэ маплъэ.

И щхьэ хуэпсэлъэжьынщ лIыжьым зэуэ зэпегъэури, бжэмкlэ маплъэ.

- Аргуэру уэра? Къызэрытебгъэзэжар сыту фIыщIт! Адрейхэр къыщIэмыхьэну яжеIэ, уэ зыращ сызыхуейр, къэкIуатэ... Хъунщ-тIэ, сэ сынэкIуэнщ. Уэ умыпIащIэу къызэжьэ. Япэм хуэдэу жыз сщIэту, си лъэр жану сыщцытыж уи гугъэрэ? - щэIуу къэтэджа, арщхьэкlэ псынщIэ дыдэу йохуэхыж. - Хъунщ, хъунщ, ущIэмыкIыж, сынакIуэркъым, сыноIуэркъым. Зыумысыжьт, уэри фIыуэ сыкъэплъагъуу щытакъэ? Щхьэ зыри жумыIэрэ? Гущыкl къысхуэпщIащ, пэжкъэ? СощIэ. Къэзыгъэзэжар Алыхьым ещтэ, жи. Къэзгъэзэжащ. СыбгъэщIынур сыт? Сыти къыспыпынт? Щыхуэ псоми фIыуэ яхъсльагъуklар уэрат. Уи нэпсыр къожэхри, умыгъ, зэхэпхрэ, сынолъэIу, умыгъ. Уи къуэм и суд щащIэми угъырт, укъыщызэлъэIуами угъырт. Апхуэдизкlэ сыкъэгъахати, уи къуэр къезгъэутIыпщыжыну сыхьэзырт. Арщхьэкlэ... Уи нэпсыр... Зэи усщыгъупщакъым, си нэгу зы дакъикъи ущIэкlакъым. Уи нэпсыр... Iукlуэтыт, моуэ тIэкlу Iукlуэтыт, фIыщIу сльэгъуа. КъыщIэгъэхьэ а бжэм деж щытыр, ар къыщIэкlуар сэращ...

Кlульшыкъум нэблэгъауэ и щхьэгъусэр къэтэджрэ зэрыщIыхьэмэ, лIыжьыр утыкум илът.

- Арщхьэкlэ ахъшэр къеIысхакlэт... А уи къуэр зи пIэм иувам ахъшэшхуэ къеIысхакlэт, - Iущащэрт лIыжьыр, и нэр зэтепIауэ, ауэ абы жиIэр зыми зэхихьртэкъым.

Щ1алэгъуалэм я «Таврида» урысейпсо зэхьхьэшхуэ

бадзэуэгъуэм и 2-м щегъэжьауэ фокlадэм и 18-м нэсыху Кърым Республикэм и Раздольнэ районым щекlуэкlынущ.

● ХъыбарегъащIэ

АБЫ ХЭТЫНУХЭМ зыщрагъэтхын хуейщ проектым и официальнэ сайтым (http://форумтаврида.рф/). Абы иужькlэ дэтхэнэ кандидатми а сайтым къыщыгъэува лэжьыгъэхэр игъэзащIэурэ зыхуеину рейтингым хуэдиз къыхьа нэужь электрон пощткlэ абы зэрырагъэблагъэ тхьылъэ къыхуагъэхьынущ. ЗэIущIэм хэт хъунущ УФ-м и гражданствэ зиIэ щIалэгъуалэу зи ныбжьыр илъэс 18 - 30-м итхэр.

ЗэIущIэшхуэм хэтынухэр иубэныхунущ икlи гупыр иригъэжьэнущ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхъухэмкlэ и министерствэм.

Программэм хиубыдэу къызэрагъэпэщыну гуп зыбжанэ белджылыщ. Апхуэдэу зэманкlэ зэщхьэщыхьэу пэжьэнущ:

лъэхъуакlуэ гупхэмрэ дзэ-хэкупсэ клубхэмрэ - бадзэуэгъуэм и 2 - 8-хэм;

архитектор ныбжьыщIэхэр, дизайнерхэр, урбанистхэр - бадзэуэгъуэм и 10 - 16-хэм;

тхакlуэхэмрэ усакlуэхэмрэ, щэнхабзэм тетхыхь журналистхэр - бадзэуэгъуэм и 18-24-хэм;

тхыдэм елэжьхэр - бадзэуэгъуэм и 26-м - зыщщхьэуIум и 1-м;

художникхэмрэ скульпторхэмрэ - зыщщхьэуIум и 3 - 9-хэм;

театрым, кином, драматургием пыщIахэр - зыщщхьэуIум и 11 - 17-хэм;

музыкантхэр - зыщщхьэуIум и 19 - 25-хэм;

Кlрымымрэ Севастополрэ я щIалэгъуалэр - зыщщхьэуIум и 27-м - фокlадэм и 2-м;

зэIущIэм кърихьэлIахэм ящыщ гуэдзэн гупыр - фокlадэм и 4 - 10-хэм.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

Таксим утыку цІэрыІуэм ит «Республикэ» монументым деж.

Таксим утыкур

Босфор Іуфэр зыгъэдахэ Истамбыл

Тырку щыхьэрым и зы хьэблэ.

Хьэткъуэ Нэжэтрэ НэщІэпыджэ Замирэрэ.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр №112-м итщ).

ОРТАКЁЙ (курыт къуажэ) хьэблэр цІыхъушхъэ щыхьэблэкІ щІыпІэщ, псом хуэмыдэу мыбдеж щыгъэхуэсыр щІалэгъуэлъапщ. И цІэмкІэ къыбощІэ нэхъапэм жылъэ щхьэхуэ цІыкІуу зэрыщытар. Босфор и европэ Іуфэ дахэр, къат куэду зэтет шхапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, мэжджыт цІэрыІуэр, тыкуэн зэхуэмыдэхэр - куэд мэхъу уи нэгу къыщІидзэр. Псы Іуфэм Іут тетІысхьапІэ цІыкІухэм утесынри зэшыгъуэкъым, брамхэр, цІыхухэр зэрыс яхтэхэр, кхъухь абрагъуэхэр зэрыблэсыкІым укІэлъыплъын къудейри гугъэпсэхущ. Хьэблэм и цІэр зэрихьэу мэжджыт дэтщ мы щІыпІэм. Ар 1853 - 1854 гъэхэм ящІащ, барокко мардэм изагъэ мэжджыту мы зыращ Истамбыл щыІэр. ЕзыгъадрейхэмелЫтуэзмыиндыдэми, аркъыззэрищІыкІэ мозаикэ тхьэмбылыфэхэмрэ и щхьэгъубжэ инхэм къыдидз дыгъэпсымрэ псэр ятхьэкъу. Мэджидиу мэжджытым и цІэ дыдэр, ар Абдул-Меджид Езанэ сулъТаным иригъэщІауэ щытащ Іыхьитіу зэхэту: гаремрэ езы сулъТаным кьигъэсэбэн пэшхэр зыхэт унэмрэ.

«ГъащІэр апхуэдэуи Іейкъым. ИкІэм-икІэжым Босфор Іуфэ къыщыпкІыхь хъунущ», - итхащ тырку тхакІэ, адыгэхэм кьхэкІа Памук Орхьэн. Тыркум зыгъэпсэхуакІуэ кІуэ туристхэр нэхъ дзэныхьэхэм ящыщщ Босфор кхъухькІэ тетынир. Босфор - Европэмрэ Азиемрэ я зэхуаку дэт псы дэлъэдапІэщ, Истамбыл тІу ирищыкІыу, тенджыз ФІыцІэмрэ Мраморымрэ зэпищІэу, километр 30 хуэдиз и кІыхьагъэу. Нэхъ мыхьэнэзэхуэ зиІэ псы дэлъэдапІэхэм ящыщщ ар, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дунейпсо тенджызхэм, ЩІыкурытыхым утезышэ «гъэзугщ». Абы кхъухьу щызэблэкІымрэ и бгъуитІым щекІуэкІ гъащІэмрэ гупсэхуу плъагъунущ, Ортакёй деж Іусыкі кхъухьхэм ящыщ зым уитІысхьэмэ. Мэзукъэбз Асльэн и фІыгъэкІэ дэри зэдгъэпльэгъуащ ар. Босфор и Іуфэм щекІуэкІ псэуКІэр къыщхьэщокІ къалэкум узыщІихьапІэм. Псы дэпъэдапІэм и кІыхьагъкІэ унэ гъэщІэгъуэн цІыкІухэр тетщ, уеплъамэ зэбгъэщхьу, ауэ дэтхэнэми и теплъэ дахэ иІэжу. ГъэщІэгъуэнракъэ, бжыхьи куэбжи щыплъагъуркъым а щІыпІэм, ауэ унэ къэс и «бжэІупэм» яхтэ е катер Іутщ. Мыр къулей дыдэхэр щыпсэу хьэблэу зэрыщытым шэч хэлъхъым. КъищынэмыщІауэ, Босфор Іуфэр ягъэдахэ уардэунэ, чэщанэ, мэжджыт зэмылІэужьыгъуэхэм, а уардэунэхэм я нэхъыбэр иджыпсту музей ящыкІуаэу цІыхухэм зыщалъхьых.

Босфор утеты болъагъу абы и лъэныкъуитІыр зэпызыщІэ лъэмыж телъыджкэзр. ЯтэщІыкІэ урохьэлІэ метр 1074-рэ зи кІыхьакъ Босфор лъэмыжым, ар 1973 гъэм щІын яухауэ щытащ. Абы нэхърэ тІэкІыкІэ нэхъ кІыхьщ Мехьмед Фатихь сулъТаным и цІэр зезыхьэ лъэмыжыр (метр 1090) ар щащІар 1988 гъэращ. ЛъэмыжитІым километритху хуэдиз я зэхуакущ. Иджы, Къущхьэ Догъэн къыззэрыджиІамкІэ, ещанэ лъэмыжыр яухуэ, абы метр 1275-рэ и кІыхьагъынущ. Махуэм абыхэм я дахагъыр пщегъэгъупщэ жэщым зэщІэблэу щІидза нэужь, плъыфэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ джэгуу зэщІэпщыпщІэ лъэмыжыр къэралыр зэрыгушхуэ щыІэщ.

Сыхьэтиті хуэдэкІэ псыщхьэм дытета нэужь, ди гъуэгуанэм къыпытщащ. Асльэн дигъэлъэгъуащ Нишанташи, Тешвикие хьэблэхэр. Нишанташи зэрыцІэрыІуэр сыт жыпІэмэ, тыкуэнхэрщ. Дуней псом щыцІэрыІуэ сыт хуэдэ фирмэм и тыкуэн а хьэблэм дэмытыр?! Франджым, Италием, Тыркум я хьэпшып нэхъыфІэр щащэ тыкуэнхэр щызэбгъурытщ. Шанель, Прадо - сыт хуэдэ ухуей, я бжэхэр зэІухащ. ГъэщІэгъэнракъэ, къыщцІэыкІухь хъыджэбэхэм я зыхуэпкІэри хуабжу къащхьэщцкІырт адрейхэм - егъэлеяуэ модэм тет пщащэхэрат абдеж щытлъэгъуар. Клуб, ресторан, ублэкІрэ псэт ущетІысэх шхапІэхэр щыгъунэжщ абы. Тешвикие мэжджытри зэдгъэпльэгъуащ а махуэм. АдэкІэ дэ дыщыІащ Ийлдыз парк абрагъуэм. Къэрал зэмылІэужьыгъуэ куэдым къраша уда, гъагъэ, жыг, къэкІыгъэ куэд итщ абы, льагъуэ щыкІуу КІыщІрыкІым я бжыгъэр пхуэбжынкъым, удэым ухэту къыщыпкІухь хъуни, ущетІысэх щыпІи, машинэкІэ къыщыбжыкъ гъуэгуи иІэщ. Асльэн къызэрыджиІамкІэ, абы унагъуэхэм зыщагъэпсэху, сабийхэр щагъэджэгу, туристхэм я зыпІпхьыпІэщ, езыри абдеж пэмыжыжьэу щопсэури, и цІыкІуищым я тегъэупІэр аращ.

Псэсу къызэхэткІухьа а уэрам зэпэзэвхэм тет унэ зэтетхэм я апэ къатхэр тыкуэнэр шхапІэрэщ. ДыздыблэкІым Асльэн и ныбжьэгъуэм сэлам ярех, дегъэзІыху. Еутых Жанкъылыш хьэтыкъуейщ, Истамбыл щопсэу, фоупс зытегъэлъэда лэкъумхэр абдеж щагъажьэурэ ящэ, уетІысэхьу псы, шей и гъусэу пшхынуми ухуитщ. ЩІалэм Элинэрэ сэрэ дыщригъэІыхьум къытщыгуфІыкІри, занщІэу адыгэбзэкІэ псэльэн щІидзащ, и гуапэ зэрыхъуар зыхэтщІащ. АдэкІэ Асльэн хуозэ тыкуэн бжэІупэм Іус убых щІалэм. Варлы Сами адыгэ кхъуей хихыурэ ещэ, «Шэрджэс» тетхауэ. Сами къыджиІащ и кхъуейм щІэупщІэшхуэ зэриІэр, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм шэхэКІэмкІэ зэрелІэзэр. Пхъэщхьэмыщхь гъэгъуахэмрэ дэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ зыщэ Бэшокъуэ Тамбии гуапэ дыдэу къыгІуІэри, адыгэбзэкІэ къыддэуэршэрад, тыкуэн цІыкІур зэригъэлажьэм, ищхэм тыркуэм я деж щІэупщІэшхуэ зэрыщаІэм и гугъу къытхуищащ.

Шылэ дыззэрыщыІар

ТЫРКУМ щыпсэу, хеттолог цІэрыІуэ Чурей Алий ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и ныбжьэгъуфІу къэнэжьркъым, атІэ и къуэш пэлъытащ. Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъ зэгъунэгъу хъуным нэхъыбэ дыдэу хэлІыфІыхьар Чурей Алийщ, и лэжьыгъэкІэ хуэзфІэкІахэм къадэкІуэу, абы ипхъу Дыжьын хэкум кьигъэІэпхъуэжауэ щытащ. Сэ ильэсипщІым нэблэгъауэ зэрысцІыхум, ипхъу Дыжьын сызэриныбжьэгъум, езыр егъэлеяуэ псэ къабзэу, адыгэгуу, хэкупсэу зэрыщытым щхьэкІэ пщІэшхуэ хузощІ Алий. Езым нэхъыжьри нэхъыщІэри и зэхуэдэщи, зэи зыри и гулъытэ щыгъэщІэркъым.

Алий щыпсэур километр плІыщІ хуэдизкІэ тпэжьыжь пэтми, Тыркум дыщыІзху зы махуи димыгъэкІыу дыздэщІэ хьэщІэщым накІуэрт. Сыхьэт ныкъуэ нэхъ мыхъуми Мухьэмэд бгъэдэсыну Іэмал щылэмэ, щхьэхунтэкъым. Апхуэдэуи, щІыпІэ зэхуэмыдэжэм дишащ, зы махуи гукъинэжу зэдздгъэзкІуащ, Шылэ къуажэм дишэри.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд иджырей «зекІуэм» хигъэщхьэхуІкІэм ящыщт куэдрэ зытетхыхьа тырку тхакІуэ, адыгэхэм къахэкІа Сейфеддин Омер къыщалъхуа Гёнен къалэм дэт фэеплъыр зригъэлъагъуныр. Абы дыззэрыщыІар щхьэхуэу стхьжащ. Апхуэдизу зи гугъу ищІ Сейфеддин и къащхьэу Истамбыл дэтми Мухьэмэд ишэну мурад ищІащ Алий. «Ар зэфІэдгъэкІынщи, итІанэ зы щІыпІэ дахэ фэзгъэльагъэнущ», - жиІэри дришэжьащ. Алий гушыІэшхуэ зыхэлъ цІыхущ, езым и щабагъым хуэдэщ и гушыІэхэри, и фІэщу псалъэу фІэкІа къыпщымыхъуу, куэдрэ къыбдогушыІэ. Гъэугу дыздытетым Алий жеІэ:

- Мухьэмэд, къхьиІэ, хьэтыр уиІэмэ, мылхуэдизу Сейфеддин Омер къыпхуищІар къызжеІэ, Истамбыл нэс укъэкІуащ, Мрамор тенджызыр зэпыбупщІри, Гёнен дэт и фэеплъым уи лъэр нэпхусащ. Апхуэдизу пщІэ зыхуэпщІым и кхъащхьэри умылъэгъуауэ узгъэкІуэжынкъым жысІэри уесшэжьауэ араш.

- Уа, Алий, - жеІэ Мухьэмэд. - Сейфеддин дунейпсо литературэм увыпІэшхуэ щызыуБыда тхакІуэ цІэрыІуэщ, тырку новеллэм и жанрыр езыгъэжьар араш, и тхыгъэхэр бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэрадзэкІыурэ цІыхухэр йоджэ. Апхуэдэр адыгэм къызэрытхэкІам дэ дыщымыгуфІыкІмэ, дэ дымыгъэльапІэмэ, хэт пщІэ къыхуэзыщІынур?..

Алий (а зэрифІэщу) къыпещэ:

- А зиунагъуэрэ, мыпхуэдизу лъандэрэ си ныбжьэгъу Чурей Алий и адэжьыр зыщІэлъ кхъащхьэр зэзгъэльафынщ жыпІэу сыту зи уигу къэмыкІарэ? Омер нэхърэ сынэхьыкІэ сэ?

Апхуэдэу сыт щыгъуи къыбдогушыІэ Алий. Адыгэм и тхыдэм химыщыкІ щыІэкъыми, жэщи махуи уедэІуэфынущ, Тыркум къыщецІуэкІ политикэмрэ жылагъуэ гъащІэмрэ, хэхэс адыгэхэм нобэ я Іуэху зыІутым фІыуэ щыгъуазэщи - жыпІэнуракъэ, зэи пщІэншэу зэман дэбгъэкІуэнукъым, псэльэгъу гъэщІэгъуэнщ, цІыху хьэрэмыгъэншэщ, гупщІанэщ.

... Шылэ Истамбыл кьедза жылъ цІыкІухэм ящыщщ, километр 70 нэхъ рэ нэхъ пэмыжыжьэу. Тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм зэрыІусым цІэрыІуэ ищІащ мы къуажэр, турист куэд щызэблокІ, хьэщІэщхэмрэ шхапІэхэмрэ и куэдщ. Тенджыз Іуфэр яхъумэн папщІэ византие лъэхьэнэм ящІауэ щыта зы быдапІэ тетщ псым хэт хьІІыгу цІыкІум. ПІэщІыгъуэ бжыгъэ зи ныбжь а ухуэныгъэр жьы дыдэ хъуащи, зэрагъэпэщыж. Абдеж псым къыхахагъащІэ бдзэжьей лІэужьыгъуэу щагъэхьэзырым щІэи Гъуни иІэ-къым, шхапІэхэр Іэхуитлъэхуитщ, дыгъэпсым уэсу узыІурыуну гунэсщ. Нэз гуэри иІэу къыпщымихъуу тенджыз ФІыцІэм ухопльэ. Уэгумрэ псымрэ щыІэзэхьльхэж хуэдэщ нэм къыпльыхь хъуреягъым.

Алий дигъэлъэгъуаэм ящыщщ Чамлыджэ Іуащхьэр. Истамбыл и аэзие лъэныкъуэмкІэ щыІэщ ар. Метр 300-м нэблагъэ зи лъагагъ Іуащхьэм къалэ парк щыкІу тетщ, тюльпан зэмылІэужьыгъуэу абы къыщыкІым и бжыгъэр пщІэнкъым. Истамбылдзэхэми абы и хьэщІэхэми Чамлыджэ дэкІуеин яфІэфІщ, абы укъеплъыхьмэ, Босфор псы дэпъэдапІэри, Мрамор тенджызри, тенджыз ФІыцІэри, Истамбыл къалэри зэрыщыту уолъагъу. Туристхэр щыкуэдтт а махуэм абдеж. Селфи (сурэт зытехьыкІи) ящІырт Интернетым сурэт хьэзылъхьэну зыфІэфІ щІалэгъуалэми нэхъыжьыІуэхэми. ИтІанэ бзэ зэмылІэужьыгъуэу абдеж щызэхэпхыр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм кьхэкІауэ абдеж щыплъагъу цІыхухэр.. Псори гукъинэжт.

Тлъэгъуар куэд хъуркъым, Истамбыл зыплъыхьпІэу, щІыпІэ дахэу иІэм елытауэ, ауэ зэ кІуэгъуэкІэ мащІэкъым. КІэщІу жыпІэмэ, дахэщ Истамбыл, уи нэгу зыщеужь, уи къуэхым зрегъэубгъу, уи гур хегъахъуэ, ауэ а псоми щхэуу кІэлъыплъ псэм зыкъуегъащІэ, истамбылакІуэм и Іэпапі тельщи...

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Истамбыл - Налшык.

«The Marmara» хьэщІэщым и етІощІанэ къатым укъеплъыхьмэ, Истамбыл ухопльэ.

Мехьмед Фатихь сулъТаным и цІэр зезыхьэ лъэмыжыр.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къардэн Башир ЛатІ и къуэм дохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІ, фІыуэ тлъагъу ди унэмтІакІуэ, чэнджэщэгъу Іущым ди гуапэу дыноХъуэхъу уи ныбжьыр илъэс 85-рэ, апхуэдэуи зэщхьэгъусэхэу Баширрэ ХуэркІэрэ фызэрызэдепсэурэ илъэс 60 зэрыникъумкІэ

Ди лъэпкъым и хэкупсэ нэсым, тхьэмадэ Іумахуэм, цІыху щабэм икІи гуапэм уи узынщагъэрэ уи гуащІэрэ мыкІуэцІу куэдрэ упсэуну Тхьэшхуэм дыпхуолъэІу. Зэгурыіуэрэ зэдэІуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекІуэ, зи мафІэр мыужьых унагъуэ лъэщым Баширрэ ХуэркІэрэ фрихъумакІуэщи, фызиплъыр жьэгур уардэунэу, фи Іэнэгум берычэтыр щытепщэу, хьэщІэ етІысэхьпІэрэ унапІэ махуэу, фызэкъуэту, гъащІэм гу щыфхуэгъэ абы и ІэфІыгъэ псори зыхэфщІэу, фи бынитхум, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэм я насыпым, я ехъулІэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дяпэ Тхьэм фригъэт. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Іэпэгъуу илъэс 60 хъуауэ фыкъызэдогъуэгурыкІуэри, фи пщІэр лъагэрэ фи псэр къабзэу, псэр зыщІэхъуэпс, насыпу кьилъытэ псомкІи дяпэкІи Тхьэр къыфхуэупсэну ди гуапэщ.

«КЪАРДЭН»
лъэпкъ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу.

● Махуэшхуэ зэхыхьэхэр

«Вагъуэ цІыкІур» къалапщэм къыщоблэ

Урысейм и Махуэр дэнэкІи хуэдэу, ди республикэми Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Абы ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхуэс щекІуэкІащ Налшык дэт «Вагъуэ цІыкІу» гъэсапІэ №78-м (унафэщІыр Таукъу Таещ).

ЗэІУЦІЭМ и хьэщІэхэт Налшык администрацэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ **Ачмыз Светланэ**, а Іэнатіэм Щэнхабзэмкіэ и упрачленэм и пашэ **Токъуий Мадинэ**, кьалэм и нэхьыжьыфІхэр, адэ-анэхэр. Іуэху дахэр ягъэхьэзырат «Вагъуэ цІыкІум» и гъэсакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, абыхэм я гъэсэнхэм.

Телъыджэхэм я дунейм ухэзышІэ таурыхъ щІыкІэм тету къызэрагъэпэщат гуфІэгъуэ зэхьыхьэр. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ дамэхэм яІэту къыщыхъу таурыхъ гуащэм. Телъэгъуэ хьэлэмэтхэм хэтт бажэри, кьаплъэнри, тхьэкІуэмкІыхь цІыкІури, мыщэри. Сабийхэм я гуфІэгъуэм зыкъраГъэхьэлІат Инджылызым нэс «къикІа» Поппинс Мэри, гъэсапІэм и Іункіыбзэіухьр зыдыгъуу зэхуэсыр «зэблозыгъэуну» хущІэкъуа Уд фызыжьыр. Я лъахэм къихьа таурыхъ лІыхъужьхэр я хьэл-щэнкІэ зэхуэмыдэми, ягъэззщІа усэхэмрэ кхафэхэмкІэ аХэр гъэсащ садым и гъэсэн цІыкІухэм икІи зэгурыІуэрэ зэдзІуужу гуфІэгъуэм зэдыхэтащ.

ЦІыкІухэм я гуфІэгъэр даІыгъуэ ІуэхущІапІэм къахуекІуэлІат абы и утыкур зыгъэдэхахэу уэрэдым и театр «Амикс»-м и ныбжьыщІэ гупыр, «Бгыхэм я бын» къэфакІуэ гупыр, Гъуэзджэхэмкіэ сабий школым и гъэсэнхэр, нэгъэущІэрэ.

ЗэІущІэ дахэм щалъэгъуахэр къаззрыщыхъуам тепсэлъыхьу, Урысейм и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуу гъэсапІэм и лэжьакІуэхэм, сабийхэм, адэ-анэхэм захуигъэзащ Ачмыз Светланэ.

- ДгъэлъапІэ къэралпсэ махуэшхуэр ди щІыналъэм угъурлы тхузэхьуну, ди Хэкур лъэщу, уардэу игъащІэкІи щыІэну сынывохъуэхъу, - къызжиІэщащ абы. - «Вагъуэ цІыкІум» и гъэсэнхэр ди лъэпкъыр, республикэр зэрыгушхуэн вагъуэ хъуахэу, ехъулІэныгъэ инхэр зыІэрагъэхьэу Тхьэм игъэпсэу.

Ачмызым и псалъэм кьыпищэу, кьызэхуэсахэм гуапэу захуигъэзащ Токъуий Мадинэ.

- Ди къэралышхуэм папщІэ догушхуэ, допагэри, а гурыщІэм псори дыззэкъуигъэувзну сыхуейщ. Я Хэкур фІыуэ ялъагъуу, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ я гъуэгуанэльагъуэу къырырехъу ди щІэблэр, - жиІащ Мадинэ. - «Вагъуэ цІыкІур» унэ етІуанэ зыхуэхьуа сабийхэм узынщагъэ, дэрэжагъуэ, насыпі Тхьэм къарит.

Апхуэдэ хъуэхъу дахэм Іэгуаеу ин хуаІэта нэужь, садым и пщІантІэ хуитым ину щагъэІуащ «Вагъуэ цІыкІум» и гимныр. Ар теухуат сабиигъуэ насыпыфІэм, псэм и дэрэжэгъуэмрэ гукъыдэжьмрэ.

Зэхуэсым и кІэухыу сабий садым и унафэщІ Таукъу Тае гуфІэгъуэм кърихьэлІа псори иригъэблэгъащ къалащхьэм и гъэсапІэ нэхъыфІхэм ящыщу ялъытэ «Вагъуэ цІыкІум» и унэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къудамэ щыІэ

АдыгэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтхэхьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аХэр зыгъахэм иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елажьхэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэЭпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.** *КомпьютерКІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэпбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.367 ● Заказ №1002